**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРҒЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ**

**БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ**

**Социаллық пәнлер кафедрасы**

**Философия қәнигелигиниң бакалавр басқышы IV курс студенти**

**Байрам Шонгараевтың**

# ПИТКЕРИЎ ҚӘНИЙГЕЛИК ЖУМЫСЫ

**Тема: Ахмад Югнакийдиң этикалық көз-қараслары**

Илимий басшысы: Социаллық пәнлер кафедрасы доценти У.К.Худайбергенова

Кафедра баслығы: ф.и.д., А. К. Бердимуратова

**НӨКИС-2014**

# АХМАД ЮГНАКИЙДИҢ ЭТИКАЛЫҚ КӨЗ-ҚАРАСЛАРЫ

**ЖОБА:**

**КИРИСИЎ…………………………………………………………… . 3**

**I-БАП. АХМАД ЮГНАКИЙДИҢ ДҮНЬЯҒА КӨЗ-ҚАРАСЫНЫҢ СОЦИАЛЛЫҚ ҲӘМ ИДЕЯЛЫҚ НЕГИЗЛЕРИ…………………………………………………………9**

1.1. Ахмад Югнакий жасаған тарийхый дәўир. Өмири ҳәм дөретиўшилиги ………………………………..……..………………9

1.2.Ахмад Югнакийдиң «Ҳибатул-ҳақойиқ» («Ҳақыйқатлар сыйлығы») этикалық-дидактикалық шығармасының дөретилиўи ҳәм әҳмийети …………………………………………….……………..……………15

1.3.Югнакий дүньяға көз-қарасында ислам диний тәлийматы ҳәм суфизм идеяларының сәўлелениўи…………………………..…………19

**II-БАП. АХМАД ЮГНАКИЙДИҢ ЭТИКАЛЫҚ КӨЗ-ҚАРАСЛАРЫ….……………………………………………..……..29**

2.1. «Билим менен бахыт жолы ашылар, Ел ғамын ойлаған оған асығар». Адамның руўхый әдеп-икрамлық жетилисиўинде илим ҳәм билимниң әҳмийети ҳаққында…………………………….…….. 33

2.2. Ахмад Югнакий сақыйлық ҳәм бақыллық ҳаққында………….. .40

2.3. «Жалған сөз - кеселлик, туўры сөз - шыпа». Туўрылық, туўры сөз инсан қәлбин пәкликке жетелеўши пәзийлет…………………… 50

**ЖУЎМАҚЛАЎ…………………………………………………….60**

**ПАЙДАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР ДИЗИМИ……………………62**

# КИРИСИЎ

**<u>Изертлеў жумысы темасының актуаллығы:</u>** Ғәрезсизликтиң бизге берген кең имканиятларының бири, узақ тарийхқа ийе болған мәдений ҳәм руўхый мийрасымызды ҳәр тәреплеме толық үйрениўге ҳәм изертлеўге жол ашып бергенлиги болды.

Президентимиз Ислам Абдуғаниевич Каримов тастыйықлап өткениндей, "Ғәрезсизлигимиздиң дәслепки күнлеринен-ақ ата-бабаларымыз тәрепинен көп әсирлер даўамында жаратып келинген жүдә үлкен, бийбаҳа мәнаўий ҳәм мәдений мийрасты тиклеў мәмлекетлик сиясат дәрежесине көтерилген жүдә әҳмийетли ўазыйпа"[1] болғанлығы тосыннан емес еди. Әсирлер даўамында халқымыз өз мәнаўиятын Шығыс философиясы ҳәм ислам дини тәлийматы менен тығыз байланыста раўажландырып келген ҳәм пүткил адамзатлық мәнаўият ғәзийнесине айтарлықтай үлес қосқан. Ал бурынғы жақын тарийхымызда, тоталитар система дәўиринде Орайлық Азия халықларының мәдений-руўхый мийраслары бир тәреплеме талқыланып келинди, ал айрымлары изертлениўден шетте қалды. Сонлықтан, ҳәзирги заман Өзбекстанның социал-гуманитар илимлери тараўында халқымыздың бай миллий мәдений ҳәм мәнаўий мийрасын илимий жақтан терең изертлеў ҳәм оның нәтийжелерин жас әўладтың өз тарийхын билиўде, руўхый сана-сезиминиң, мәнаўиятының жоқарылаўында, әзиз Ўатанымыздың садық перзентлерин тәрбиялаўда үлкен әҳмийетке ийе болып табылады.

Бүгинги күнге дейин илимде аз үйренилген, бирақ, халқымыздың руўхый мийрасының ажыралмас бөлегин қурайтуғын, адамларды кәмилликке шақырған, әдеп-икрамлық пәзийлетлерди тәрбиялаўда бийбаҳа нәсиятларын қалдырған уллы бабаларымыздың бири Ахмад Югнакий болып табылады.

**<u>Теманың изертлениў жағдайы:</u>** Ахмад Югнакий өзиниң "Ҳибатул - ҳақойиқ" ("Ҳақыйқатлар сыйлығы") атлы этикалық-дидактикалық шығармасы менен атағы шыққан, XII-XIII әсирлерде жасаған шайыр ҳәм алым, түркийзабан

дөретиўши уллы тулғалардың бири. Ол ҳаққында бизге жүдә аз мағлыўматлар жетип келген. А.Югнакийдиң шығармасынан бизге келип жеткен айырым үзиндилери арқалы ҳәм оған арнап жазылған шарқлар (комментарий) бизге автор ҳаққында базы бир мағлыўматларға ийе болыў имканиятын береди.

Ахмад Югнакийдиң өмири ҳәм дөретиўшилигине әдебиятшылар, тарийхшылар тәрепинен қызығыўшылық XX-әсирдиң 20-шы жылларында басланды. Профессор Абдурауф Фитрат 1927-жылы басып шығарған "Ўзбек адабиёти номуналари" антологиясына "Ҳибатул - ҳақойиқ"тан үзиндилерди киргизеди. Буннан соң, Абдурауф Фитрат сол дәўирдиң ең белгили "Маориф ва ўқитувчи" журналында (1928 ж, 10 саны) "Айбатул-ҳақойиқ" деген мақаласын жариялайды. Бунда Абдурауф Фитрат өзбек оқытыўшылары ушын Ахмад Югнакийдиң өмири, туўылған жери ҳәм шығарманың жазылыў себеплерине байланыслы, тарийхый факт ҳәм дереклерге тийкарланған мағлыўматларды береди.

XX-әсирдиң 30-жылларында Ахмад Югнакийдиң дөретиўшилиги ҳәм оның "Ҳибатул - ҳақойиқ" шығармасын үйрениў процесси үзилиске түседи. 40-шы жылларға келип жағдай бираз өзгереди. Өзбек әдебияты тарийхы бойынша оқыў қолланбаларда Юсуп Хас Хажибтиң "Кутадғу билик" шығармасы менен бир қатарда Ахмад Югнакийдиң "Ҳибатул - ҳақойиқ"қа да орын бериледи.

Бул жерде Айбек, А.Шарафутдинов, П.Шамсиевлар тәрепинен дүзилген ҳәм 1941-жылы баспадан шыққан "Ўзбек адабиёти тарихи" оқыўлық-хрестоматиясын айрықша атап өтиў зәрүр.

Сондай-ақ, рус илимпазларынан А.Бертельстиң[1] мақаласы да адибтиң дөретиўшилигине көпшиликтиң қызығыўшылығын оятты. Бунда мақаланың авторы "Ҳибатул-ҳақойиқ"ты лексикалық, фонетикалық, грамматикалық жақтан изертлейди. Бертельс шығарманы ески өзбек әдебий тилинен классикалық өзбек әдебий тилине өтиўде бир "көпир" болған деп тәриплейди.

Өзбекстанда 60-70-шы жылларында Ахмад Югнакийдиң өмири, дөретиўшилиги ҳәм “Ҳибатул - ҳақойиқ”тиң әдебий, тарийхый, идеялық, философиялық мазмун-әҳмийетин үйрениў бойынша илимий жумыслары алып барылады. Бунда белгили илимпазлар профессор Н.М.Маллаев, К.Махмудов, Э.Рустамов, Б.Валухужаев, Ю.Джумабаев ҳ.т.б. изертлеўлерин атап өтсек болады.[1] Ахмад Югнакийдиң Өзбекстанда философиялық ойлар тарийхында тутқан орны, оның этикалық көз-қарасларының әҳмийети бойынша философ алымлар да изертлеў жумысларын жүргизген.

1977-жылы Ташкенте баспадан шыққан “Очерки истории общественно-философской мысли в Узбекистане” атлы китапта “Этические воззрения Ахмада Югнаки” деген бөлим орын алған. Ол академик И.М.Муминов ҳәм профессор Ю.Д.Жумабаев тәрепинен таярланған.

Солай етип, Ахмад Югнакийдиң дөретиўшилиги, шығармасы бойынша бир қатар илимий изертлеў жумыслары исленген. Бирақ уллы шайыр ҳәм адибтиң, ойшыл бабамыздың дүньяға көз-қарасларында жүдә әҳмийетли болған мәселелер бурынғы идеология тәсиринде шетте қалып қойды. Мысал ушын, айтайық, Ахмад Югнакий жасаған XII-XIII әсирлерде жәмийетлик ҳәм руўхый турмыста ислам дини тәлийматы, әсиресе, суфизмниң орны ҳәм тәсири айрықша болғанлығы ҳәм оның Ахмад Югнакийдиң дүньяға көз-қарасының қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўында үлкен орын ийелегенлигин айтсақ болады.

**Питкериў қәнигелик жумысының объекти ҳәм предмети:** Изертлеў жумысымыздың объекти Ахмад Югнакийдиң дөретиўшилиги, ал предмети болса, Ахмад Югнакийдиң этикалық көз-қарасларының мәниси ҳәм мазмуны болып табылады.

Ахмад Югнакий Шығыс философиясының традициялрын даўам етип, инсанлардың руўхый жетикликке ерисиўинде әдеп-икрамлықтың әҳмийетин жоқары баҳалайды ҳәм өзиниң “Ҳибатул-ҳақойиқ” шығармасында әдеплилик тәрбиясына байланыслы пәнд-нәсиятларды баянлайды.

**Питкериӯ қәнийгелик жумысының мақсет ҳәм ўазыйпалары:** Бул жумысымыздың мақсети уллы ойшыл Ахмад Югнакийдиң дүньяға көз-қарасын, дөретиўшилигин социаллық-тарийхый, улыўмафилософиялық, мәнаўий-әдеп икрамлық негизлери контекстинде үйрениў, оның этикалық көз-қарасларын анализлеӯден ибарат болып табылады.

Усыннан келип шыққан ҳалда, жумысымызға төмендеги ўазыйпаларды қойылды:

-XI-XIII әсирлерде қараханийлер мәмлекетиниң социаллық-тарийхый, экономикалық жағдайын,, сиясий жақтан раўажланыў тенденцияларын ашып бериў;

-Шайырдың дөретиўшилигиниң ҳәм дүньяға көз-қарасының қәлиплесиўиниң идеялық ҳәм руўхый негизлерин анықлаў;

- Мусылман Шығысы халықларының этикалық ой-пикирлериниң айырым өзгешеликлерин қарап шығыӯ;

- Ахмад Югнакийдиң этикалық көз-қарасларын арнаӯлы түрде анализлеў, оның улыӯмаинсаныйлық мазмунын ашып бериӯ ;

- Ахмад Югнакийдиң этикалық көз-қарасларының жәмийетлик-философиялық ҳәм руўхый турмысындағы орнын ҳәм әҳмийетин көрсетиў.

**Питкериӯ қәнийгелик жумысының методологиялық негизлери:** Биз жумысымызды таярлаў барысында Президентимиз Ислам Абдуғаниевич Каримовтың мийнетлерин, шығыс философларының, әдебият, тарийх, философия, динтаныў, мәдeният илимлериниң жетискенликлерин жумысымыздың теориялық ҳәм методологиялық тийкары етип алдық.

**Изертлеӯ жумысының илимий жаңалығы.** Президентимиз Ислам Абдуғаниевич Каримов “Аҳлоқ – мәнаўияттың өзеги. Аҳлоқ – бул дәслеп инсап ҳәм әдалат сезими, ийман, ҳалаллық деген.

Әййемги ата-бабаларымыз кәмил инсан ҳаққында бир пүтин этикалық

талаплар жыйындысын, заманагөй тил менен айтсақ, шығыс әдеп-икрамлық кодексин ислеп шығарғанлар” – деп көрсетеди.[1]

Орайлық Азияның уллы ойшылы Ахмад Югнакийдиң этикалық көз қарасларын изертлеў барысында төмендеги жетискенликлерге еристик:

- Югнакийдиң дүньяға көз қарасының, әсиресе этикалық көз-карасларының қәлиплесиўиниң социаллық-тарийхый негизлери, идеялық-теориялық тийкарлары үйренилди;

- ҳәзирги дәўирдеги Өзбекстанның ҳәм Қарақалпақстанның социаллық, мәнаўий-мәдений раўажланыўындағы жаңа идеялық принциплер ҳәм қатнаслардан келип шығып, шайырдың улыўмафилософиялық көз-карасллары контекстинде этикалық идеялары, әдеп-икрамлық пәзийлетлер ҳаққында ой-пикирлерин ашып бериўге ҳәрекет еттик.

**Питкериў қәнийгелик жумысының теориялық ҳәм практикалық әҳмийети** соннан ибарат, оның тийкарғы мазмуны Орайлық Азия ойшылларының философиялық ойларының раўажланыў тарийхы ҳәм философия тарийхы, этика, курслары ушын қолланба сыпатында, изертлеўдиң айрым нәтийжелерин ҳәм жуўмақларын әдебияттаныў, тарийх, мәденияттаныў, руўхыйлық тийкарлары, миллий идея негизлерин үйрениўде ҳәм философия қәнийгелиги студентлери ушын әҳмийетли материал болады. Сондай-ақ мектеп, орта арнаўлы ҳәм жоқары оқыў орынларында оқыў, руўхый тәрбия жумысларында көмекши дерек болыўы мүмкин.

**Питкериў қәнийгелик жумысының структурасы:** Бакалавр питкериў қәнийгелик жумысымыздың структурасы қойылған мақсет ҳәм ўазыйпаларынан келип шыққан ҳалда, кирисиў, еки бап, алты параграф, жуўмақлаў бөлими ҳәм қолланылған дереклер ҳәм әдебиятлар дизиминен ибарат.

## I-БАП. АХМАД ЮГНАКИЙДИҢ ДҮНЬЯҒА КӨЗ-ҚАРАСЫНЫҢ

## СОЦИАЛЛЫҚ ҲӘМ ИДЕЯЛЫҚ НЕГИЗЛЕРИ

### 1.1. Ахмад Югнакий жасаған тарийхый дәўир. Өмири ҳәм дөретиўшлиги

Ахмад Югнакий XII-әсирдиң ақыры XIII-әсирдиң биринши шерегинде жасаған түркизибан дөретиўши уллы тулғалардың бири.

Тарийхтан белгили болғанындай, түркий халықлар өз тарийхында бир неше ири салтанатларды дүзген. Солардың бири Қараханийлар мәмлекети есапланады. Қараханийлар салтанаты түркийлер дүзген мусылман мәмлекети болып табылады. Түркий халықларының руўхый жетилисиўинде қараханийлер дәўири үлкен әҳмийетке ийе болады. Суфизм менен байланыслы дүньяға көз-қарас сол дәўир адамының сана-сезиминиң қәлиплесиўиниң негизи саналып, ол мәмлекеттиң мәдений раўажланыўын беккемлениўине хызмет етти.

IX-әсирден баслап Хаканийлар дәрежесин алған ҳәм ғәрезсиз мәмлекет ийеси болған. Қараханийлар, X-әсирдиң орталарында өз хаканлары Сотуқ Буғраханның ислам динин қабыл еткенинен соң, мусылман болып жасаған. Қараханийлар X-әсирдиң ярымынан XI-әсир ақырларына шекем Орта Азияның уллы ҳәм қүдиретли мәмлекети сыпатында өмир сүрген. Әсиресе, Муса Буғраханның иниси Харун Буғрахан ҳүкимдарлық еткен дәўирде бул мәмлекеттиң даңқы, оның социаллық-экономикалық, мәдений ҳәм сиясий күш-қүдирети жоқарылап, басқарыў шегаралары кеңейип барады. Харун Буғрахан мәмлекетти қырық жыл даўамында басқарған. Ол дәслеп Ферғананы қолға киргизеди, соң Самарқандты ийелеп, Бухараға қарай жүрис баслайды.

Бухарадағы Саманийлар мәмлекетиниң ҳүкимдары Амир Нуҳ Харунға урыссыз тәслим болады ҳәм қаланы таслап қашып кетеди. Харун Самарқандты Батыс Түркистанның орайына айландырады ҳәм Маваруннаҳр еллерин өзине қаратып ала баслайды.

Қараханийлар дәўиринде Қашғар, Баласағун, Самарқанд, Бухара сыяқлы қалалар ири илим ҳәм мәденият орайларына айланады. Харун Буғрахан медресе

ҳәм китапханалар қурылысына үлкен итибар береди. Ол илимпаз ҳәм дөретиўши алымларды өз ғамхорлығына алып, дөретиўшиликлери ушын кең имканиятлар жаратып береди. Мәмлекеттиң мәдений орайларының бири есапланған Кашгар ҳәм Баласагун қалалары XI-әсирде данышпанлардың ең ири орайына айланды. Әсиресе Кашгар елдиң руўхый турмысында жетекши роль ойнады. Қараханийлер мәмлекетине қараслы еллердиң халықларының экономикалық раўажланыў жағдайлары қыйлы басқышта болды. Әмиўдәрья ҳәм Сырдарья аралығындағы халықлар раўажланған феодализм басқышында болса, Жети суў ҳәм Түслик Түркистанда феодаллық ислеп шығарыў қатнаслары енди ғана раўажлана баслаған еди. Булар мәлим дәрежеде экономикалық қатнасықларды қыйынластырды ҳәм социаллық-сиясий қарама-қарсылықларды тереңлестирди.

Қараханийлар салтанатында мәмлекетлик ҳәм сарай тили түркий тили болған. Себеби, қараханийлар қол астындағы халықлардың көпшилиги түркий қәўимлер еди. Бул өз нәўбетинде түркий тилдеги әдебияттың раўажланыўына ҳәм баҳалы шығармалардың жүзеге келиўине жол ашты. Усы дәўирлерде Махмуд Қашғарийдиң “Девону луғатит түрк”, Юсуп Хас Ҳажибтиң “Кутадғу билик”, Ахмад Югнакийдиң “Ҳибатул-ҳақойиқ” шығармалары жазылады. Бул шығармалардың ҳәр бири өзине тән мазмунға ийе болып, көркемлиги, идеялардың тереңлиги, реаллықты қабыл етиў ҳәм сәўлелендириўдиң усыллары менен айырылып турады.

X-XII әсирлерде түркий әдебиятларда әдеп-икрамлық мәселелери, әдеплиликти нәсиятлаў, адамгершилик пәзийлетлерине шақырыўшы дидактикалық шығармалар кең орын алады. Ахмад Югнакийдиң “Ҳибатул-ҳақойиқ” шығармасы оның айқын мысалы болады.

Ахмад Югнакийдиң өмири ҳәм искерлиги ҳаққында жүдә аз мағлыўмат сақланып қалған. Оның өмири, социаллық турмысы ҳәм басқалары мәлим емес. “Ҳибатул-ҳақойиқ”тың айрым бөлимлеринде ҳәм оның нусқаларына басқалар

тәрепинен жазылған қатарларда шайырдың өмири ҳәм дөретиўшилиги ҳаққында аз болса да, мағлыўматлар берилген.

“Ҳибатул-ҳақойиқ”тың текстинде шығарманың жазылған жылы, орны, ҳәтте аты да көрсетилмейди. Тек ғана бир байтында ойшыл өзиниң атын тилге алады:

“Адиб Ахмад айттим адаб, панд сўзим,
Сўзим мунда қолур, борур бу ўзум”.

“Адиб Ахмад” сөзлери адиблик-шайырлық Ахмад Югнакийдиң тийкарғы кәсиби болғанлығынан дерек береди. Дәстанның бир нусқасындағы XV-әсирде жасаған темурийлердиң әўладларынан болған Арысланхожа Тархан жазбаларында төмендеги мағлыўматлар бар:

“Адибниң ери оти Югнак эрур,
Сафолик ажиб ер, кўнгуллар ёрур.
Атоси оти Махмуди Югнакий,
Адиб Ахмад уғли, йўк, ул ҳеч шаки.
Китобининг от эрур Ҳибатул-ҳақойиқ”.

Демек, бул жазбалардан белгили болғанындай, шайырдың аты Адиб Ахмад, атасының исми Махмуд, туўылган жери Югнак, китабының аты “Ҳибатул-ҳақойиқ” (“Ҳақыйқатлар сыйлығы”) деп аталады.

Махмудтың улы Ахмад Югнак қаласында туўылған. Югнак қаласы тарийхый дереклер бойынша Самарқанд жақынында жайласқан,[1] ал айрым китапларда ҳәзирги Чимкент ўәлаятына қараслы,[2] Түркистан қаласы жанындағы Жүйнек[3] селосы деп келтириледи. Демек, “Югнак қай жерде жайласқан?” деген сораўға бир келисимли жуўап жоқ десек те болады. Профессор Н.М.Маллаев “Югнак (ямаса Юғноқ) деген жер Ферғана кеңислигинде, Түркистан ҳәм Самарқанд әтирапларында да болған. Лекин Ахмад Югнакийдиң булардың қайсы биринде туўылғанлығы анық емес”[4] – деп көрсетеди. Әлбетте, Югнактың географиялық орны, қай жерде жайласқанлығын белгилеў бизиң ўазыйпамыз

емес. Деген менен, көпшилик илимпазлар, мәселен, Абдурауф Фитрат, Р.Р.Арат, В.В.Бартольд, М.Ф.Кўпрулулардың пикирлерин қуўатлап, Югнак Самарқанд қасында жайласқан деп есаплаймыз.

Амир Сайфиддинге арнап жазылған дереклерде Адиб Ахмад ҳаққында төмендеги мағлыўматлар бар:

"Адиблар адиби, фозиллар боши,
Гуқартни сўз айтмиш, этин сўз боши",

яғный, "Адиблердиң адиби, пазыллардың басы гаўхардан сөз айтып, гөззал сөзлер ойлап шығарды" – делинеди. Буннан Адиб Ахмадтың атақлы шайыр ҳәм пәзийлетли адам болғанын билиўге болады.

Аты белгисиз шахс тәрепинен жазылған дереклерде Ахмадты көзи әззи болғанлыгы ҳәм китаптың 14 баптан ибарат екенлиги айтылады.

"Тўға кўрмас эрди адибтиң кўзи,
Тузатти бу ўн тўрт боб ичра сузи".[1]

Алишер Наўайы да Адиб Ахмадтың туўылма соқыр болғанлығын көрсетеди.[2] Югнакийдиң китабындағы мазмунға қарағанда, шайыр соқыр болыўына қарамастан зейини өткир, ядта сақлаў қәбилети күшли болған. Еситкенлерин тез ядында сақлап қалып жас ўақтынан көп нәрсени үйренген. Ол социаллық тәжирийбеге билимлер бойынша сыпатлы, исенемли түсиникке ийе, адам психологиясы ҳәм минез-қулқы бойынша тәжирийбе топлаған, оқымыслығы менен абырой қазанған белгили данышпан болып қәлиплести. А.Наўайы «Насойим ул мухаббат» ( «Муҳаббат самалы») деген шығармасында Югнакийдиң түрк тилин жетик билгенлигин, бул тилде қосық жазыўда шебер, көзи соқыр болыўына қарамастан кеўли жүдә раўшан болғанлығын көрсетеди.

Ахмад Югнакий ҳаққындағы мағлыўматларды оның өзиниң "Ҳибатул-ҳақойиқ" дәстанынан бираз толтыктырыўға, шайыр жасаған дәўир ҳаққында пикирге ийе болыўға жәрдем береди. Қараханийлер дәўиринде түрк халықларының уллы ойшыллары Хожа Ахмад Яссавий (1166-жылы өлген) ҳәм

Сулайман Бақырғаний (Ҳәким ата, 1186-жылы өлген) суфизм мене байланыслы кәмил инсанды тәрбиялаў ҳаққындағы ой-пикирлери Ахмад Югнакийдиң дүньяға көз-қарасының қәлиплесиўинде үлкен әҳмийетке ийе болды.

Хожа Ахмад Яссавий илим ҳәм жақсы әдептиң еки дүньяда да керек екенлигин, Қудайдың қулы болыў ушын жақсы пәзийлетлерди ийелеў кереклигин нәсиятлайды. Қудайды ойлағанлар  халықты ойлаўы керек, бул адамгершилик нышаны, өлшеми есапланады, адам өз гүналарын тирилигинде жуўыўы керек екенлигин, инсанның Қудайды билиўи, таныўы оның ақыл-закәўаты менен байланыслы деп уқтырады. Сулайман Бақырғаный  болса, пәк илим үйрениўди, әдеплилик тәрбиясы менен шуғылланыўды жоқары баҳалайды ҳәм өтмиштеги улама ҳәм алымларға ҳүрмет көрсетип, жақсы пәзийлетлерге ийе болған руўх ҳәм нәпсиниң жети түрин тәрийплеп көрсетеди. Суфизм әдеби ҳаққындағы пикирлеринде әдептиң төрт тараўы, яғный шәрият, тарийқат, мәрифат, ҳәм ҳақыйқат әдеби бар деп көрсетеди. Адамлардың жаман минез-қулқы оның қәдирсизлениўине, ҳәттеки ақырзаманға алып келеди дейди. Ол адамларды бийғамлықтан, ғәплетте қалып қойыўдан сақланыўға шақырады. Данышпанның дүньяға көз-қарасы жәмийет ҳәм халықтың тәғдирин, оның турмысын жақсылаўды мақсет етип қойыўшы суфизм тәлийматы тийкарында қәлиплести.

Суфизм адамгершиликтиң жоқары басқышы болып, ол адамларды жақсы ислерге шақырып, надурыс жолға киргенлерди дурыс жолға салыўдың қәде ҳәм қағыйдаларын ислеп шыққан тәлиймат болып есапланады. Әсиресе адам өз қәте-кемшиликлерин түсинип, гүналарынан пушайман болып, тәўбеге келиўи, өзиниң ишки дүньясын пәклеўи, қайта тәрбиялаўы мәселелерине үлкен әҳмийет қаратады.

Ойшыл – шайыр суфизм тәлийматына байланыслы жетик инсанды тәрбиялаў мәселесинде адамлардың жас өзгешеликлери менен байланыслы екенлигин, оларға сай усылларды қолланыў зәрүрлигине де итибар қаратады.

Жоқарыда аты аталған уллы ойшыллардың дөретиўшилик мийраслары Қараханийлар мәмлекетиндеги түрк халықларының жәмийетлик-философиялық ҳәм этикалық көзқарасларын өзинде жәмлестирип илим ҳәм мәдениятларымыз тарийхында үлкен из қалдырды.

Ахмад Югнакийдиң жәмийетлик- философиялық ҳәм этикалық идеялары усындай тарийхый-мәдений ҳәм руўхый негизлер тийкарында қәлиплести ҳәм жетилисип барды.

## 1.2 АХМАД ЮГНАКИЙДИҢ «ҲИБАТУЛ-ҲАҚОЙИҚ» («ҲАҚЫЙҚАТЛАР СЫЙЛЫҒЫ») ЭТИКАЛЫК - ДИДАКТИКАЛЫК ШЫҒАРМАСЫНЫН ДӨРЕТИЛИЎИ ҲӘМ ӘҲМИЙЕТИ

Ахмад Югнакий Қараханийлар дәўириң атақлы шайыр-ойшылы, патшалардың мәмлекетии басқарыўы, халықты тәрбиялаўының жолларыы ҳаққында «Ҳибатул ҳақойиқ» («Ҳақыйқатлар сыйлығы») китабында жазып қалдырған уллы алым.

Ахмад Югнакийдиң "Ҳибатул-ҳақойиқ" китабы XII-XIII әсирлерде жазылған. "Ҳибатул-ҳақойиқ"тың табылыўы биринши дүнья жүзилик урыстың басларына туўра келеди. Түрк илимпазы Нажиб Осим Стамбулдағы Аё-Суфия мешитиниң китапханасында могол тилиндеги шығармалар топламына киритилген бир қолжазбаны табады. Шығарма түркий тилде болып, ол моголша хатлар топламына алжасып кирип қалған екен. Бул қол жазба еле илим әлемине мәлим болмаған Ахмад Югнакийдиң "Ҳибатул-ҳақойиқ" шығармасы болып шықты. Қол жазба 1480 жылдың 30 январында Стамбулда Абдураззақ Бахший тәрепинен көширилген болып, ол XV-әсирде уйғур жазыўы көпшиликке таныс болмағанлықтан, уйғур жазыўындағы текстке арабша транскрипцияда ҳәм парс-тәжик тилинде түсиндирмелер береди.

Нажим Осим 1916-жылы "Ҳибатул-ҳақойиқ"ты усманлы түрк тилинде аўдарып баспадан шығарады, оған алғы сөз ҳәм түсиндирме береди. Өзбекстанда "Ҳибатул-ҳақойиқ" 1927-1928 жыллары Абдурауф Фитрат тәрепинен баспадан шығарылады ҳәм анализленеди. 40-шы жыллары "Ҳибатул-ҳақойиқ" Е.Э.Бертельс тәрепинен изертленип, үзиндилери хрестоматия ҳәм антологияларға киргизиледи. 1971-жылы "Ҳибатул-ҳақойиқ" китапша сыпатында Қ.Махмудов тәрепинен текст тийкарында баспадан шығарылады.

Өзбекстан Республикасының ғәрезсизликке ерискен жылларыннан баслап Ахмад Югнакий өмири ҳәм дөретиўшилиги, оның "Ҳибатул-ҳақойиқ"

шығармасы жаңа көз-қараста қайта үйренилип атыр. Бул бойынша жас илимпазлардың бир қатар мийнетлери жарық көрди.[1]

“Ҳибатул-ҳақойиқ”тың нусқаларында шығарманың жазылған жылы ҳаққында ҳеш қандай мағлыўмат берилмейди. Ахмад Югнакий өз дәстанын ҳүкимдар Дод Сипоҳсолорбек деген шахсқа бағышлайды.

А.Фитрат көрсетилген мақаласында Дод Сипоҳсолорбектиң ким екенлигин анықлаўға урынады ҳәм былай деп жазады: “Нажиб Осимбек китабының басында “Дод Сипоҳсолорбек”тиң ким екенлиги ҳаққында узақ изертлеўге кириседи. Солжукийлерден Султан Барқиярук заманында (ҳижрий V әсирде) Хорасан наибы болған Додбек ибни Хабаший Олтунтоқты, Махмуд Ғазнавийдиң жийени болған Солор Ғозийди, ең соңында ҳижрий VI әсирде жасаған атақлы парсы шайыры Рашит Витвот тәрепинен мақталған Туғрул Қилич Асфаҳсолорбекти көрсетеди. Сол үшиншисиниң “Ҳибатул-ҳақойиқ”тағы Дод Сипоҳсолорбек болғанына қатаң көрсетпе береди. Фитраттың айтыўы бойынша, ол Дод Сипоҳсолорбек атын Орта Азия парсы шайырларынан Сайфи Исфарангиниң дийвонында да ушыратқан. Фитрат Дод Сипоҳсолорбекти “Адиб Ахмад ҳүкимдары” деп есаплаў керек деген пикирди алға сүрген. Бирақ бул шахстың ким екенлиги толық анықланбаған.

Демек, шығарманың жазылған ўақытын оның тили ҳәм усылына қарап анықлаў мүмкин. “Ҳибатул-ҳақойиқ”та “Қутадғу билик”ке қарағанда ески элементлер кемирек, ал арабша, парсы-тәжикше сөзлер көбирек ислетиледи. Демек, “Ҳибатул-ҳақойиқ”, “Қутадғу билик”тен бираз кейинирек XII-XIII әсирлерде жазылған десек болады.

Ахмад Югнакий өз шығармасының алдына қойылған ўазыйпалар ҳаққында былай деп жазады: «Исмим Шайыр Ахмад сөзим пәнду нәсият, әдеп бериўден ибарат». «Ҳәр бир адам шайырдың сөзине түсинип, оған әмел қылса, халық арасында хүрметке ийе болады»-деп китаптағы қойылған мақсетлерди әмелге асырыў кереклигин тастыйықлап өтеди.

Бул, әдеп-икрамлық бойынша қолланба, көрсетпе есапланатуғын шығарма арқалы Дад Сипахсаларбек «ҳеш нәрсе билмейтуғын адамға илим үйретеди, жол көрсетеди, Оның турған питкени жақсылықларға толы болған баҳасы менен қәдир қымбатқа ийе»-деп барлық ўаққытта адамларды дурыс жолға үйретиўди айтады.

Жоқарыда көрсетип өткенимиздей, "Ҳибатул-ҳақойиқ"тың 14 баптан ибарат болған. Бирақ 1480-жылда көширилген нусқасы 255 байт болып, 11-баптан қуралған. Изертлеўшилердиң пикири бойынша, көшириўши шығарманы қысқартып, 3 бабы басқа бапларға сиңдирилген ямаса бетлери түсип қалған болыўы мүмкин.

"Ҳибатул-ҳақойиқ"тың биринши бабы (1-10 байтлар) қудайға, екинши бабы (11-19 байтлар) пайғамбар ҳәм төрт халифаға бағышланған.

Үшинши бап (20-33 байтлар) Дод Сипоҳсолорбекке бағышланған. Дод Сипоҳсолорбек өз заманының ири әмелдарларынан болған, себеби автор оны бирнеше жерде "шаҳим" деп атайды. Бул бапта Югнакий Дод Сипоҳсолорбекти халықпарўар, саҳаўатлы ҳәм әдалатлы инсан сыпатында мақтайды, оны теңизге, ал өзин болса сол теңизге тек ғана тамшылар бериўши бултқа мегзетеди.

Төртинши бап (34-39 байтлар) шығарманың жазылыў себеплери ҳаққында болып, автор оны Дод Сипоҳсолорбекке естелик сыпатында инам еткенин билдиреди.

"Дод – сипоҳсолор бек учун бу китоб,
Чиқортим очунда оти қолсу теп…
Билик этим они шоҳимга ман-уқ".

"Ҳибатул-ҳақойиқ"тың дәслепки төрт бабы шығарманың кирисиў бөлими болып, тийкарғы бөлим бесинши баптан басланады.

Бесинши бап (40-62 байтлар) билимниң әҳмийети ҳәм наданлықтың зыяны ҳаққында сөз етеди. Алтыншы бап (63-86 байтлар) тил әдеби, жетинши бап (87-110 байтлар) дүньяның панийлығы, сегизинши бап сақыйлық ҳәм

бақыллыққа, тоғызыншы ҳәм оныншы баплар (176-226 байтлар) басқа ҳәр түрли мәселелерге бағышланған болып, он биринши бап (227-235 байтлар) шығарманы жуўмақлайды.

Югнакийдиң «Ҳибатул ҳақойиқ» шығармасы  Юсип Хас Ҳажибтиң «Кутадгу билик», Кайқавустың «Қабуснама», Фариддин Аттардың «Пәнднама» шығармалары сыяқлы оригинал өзгешеликлерге бай, өз дәўирине тийисли теориялық ҳәм әмелий түсиниклерди қамтым алыўшы өзине тән этикалық системасы болды.

Әдибтиң өзи айтып өткениндей, «Адамларға ибрет, тәлим бериўши, әдепли болыўға шақырыўшы бул китапты жаздым, ким оны оқыса пал жегендей тилинде татыйды»   деп шығармасының пайдасы ҳәм әҳмийетин көрсетеди.

Китапта әдеп-икрамлылық мәселерин өзинде жәмлеген 27 бөлим бар болып, онда халықтың бәрше қатламларының турмысы, тәғдири ҳаққында айтылады. Сол дәўирдеги философиялық, социаллық, сиясий, этикалық, диний, экономикалық қатнасларды тәртипке салыўды мақсет етип, оларды суфизм тәлийматына сүйенип шешиўге умтылған, еки дүньяның да мәнисин билип түсинип жасаўды нәсият етеди.

Югнакий бул ушын өзиниң философиялық, социаллық-этикалық тәлийматының режесин усынады. Бул режеде көп мәселелер орын алады. Мәселен, өмирде жүз беретуғын қубылыслар, процесслер – өзгерислер ҳәм әлемниң бирлиги, кеңейиў ҳәм тарайыў, өмир ҳәм өлимниң алмасыўы, илимниң пайдасы, оны үйрениўдиң әҳмийети, наданлықтың зыянлылығы, әдеплилик, жақсы минез-қулық, тилди тыйыў, тил жарақаты, оқ  жарақаты, қайыр-сахаўаттың пайдасы, менменликтиң, дүньяпаразлықтың, қызғаншақлықтың, иши тарлықтын, көре алмаслықтың зыянлары ҳәм олардан қутылыў ҳаққында ҳәр тәреплеме пикир жүргизеди.

Шайырдың этикалық идеялары, тәрбия ҳаққындағы  пикирлери оның жәмийетлик өмирге болған қатнасынан келип шыққан. Югнакийдиң дүньяға

көз-қарасы жәмийет ҳәм халықтың турмысын жетилистириўди, тәғдирин жақсылаўды мақсет еткен суфизм тәлийматы тийкарында пайда болған.

### 1.3. ЮГНАКИЙ ДҮНЬЯҒА КӨЗ-ҚАРАСЫНДА ИСЛАМ ДИНИЙ ТӘЛИЙМАТЫ ҲӘМ СУФИЗМ ИДЕЯЛАРЫНЫҢ СӘЎЛЕЛЕНИЎИ

Ахмад Югнакий ислам динин ҳәм оның Қуранда ҳәм ҳәдислерде баян етилген идеяларын қоллап қуўатлайды. Югнакийдиң пикиринше, дүньяны, ондағы бәрше үлкен, киши нәрселерди, жанлы ҳәм жансыз мақлуқатлардың ҳәммесин Аллаҳ таала жаратқан, оларды жоқтан бар қылған, жаратқан нәрселерин өзи жоқ қылады ҳәм қайтадан бар қылыў құдиретине ийе, оған гүманланыўға ҳәм шек келтириўге болмайды. «Таңирим түнди ҳәм күндизди жаратты, ол шығыстан өтип, бир бири менен орын алмасып турады. Түнди күндизге, күндизди түнге алмастырып, таңды аттыра береди». Қудай ҳәм оның руўхы өзи жаратқан барлық нәрселерге сиңип кеткен деп түсиндиреди. Тәбияттағы бәрше жанлы мақлуқатлардың, жансыз ҳәм жанлы нәрселердиң сораўы бар, олар өз ғамхоршысына ийе, ҳәммесиниң басында Алла таала турыпты деп жаратылыўы жағынан тәбияттағы нәрселердиң уқсаслығын ҳәм жақынлығын түсиндиреди.

"Ҳибатул-ҳақойиқ"тың дәслепки қатарларын қудайға, Мухаммед пайғамбарға ҳәм төрт халифаларға бағышлап, Қуран аятларын келтиреди.

Жумысымыздың § 1 де көрсетип өткенимиздей, Қараханийлар мәмлекети Орта Азиядағы биринши мусылман мәмлекети болды. Тарийхый дереклерде қараханийлар патшасы Собуҳ Буғрохан Х-әсирде мусылманшылықты қабыл қылған ҳәм оның менен бирге еки жүз мың шаңарақ исламға киреди, олардың улыўма саны бир миллион адамнан артық еди. Усы ўақыядан соң Қараханийлар басқа да түркий қәўимлерди Ислам бирлигине киргизиўге бел байлайды.

Деген менен мусылманласыў аңсат ғана әмелге асатуғын процесс емес еди. Түркий халықлар арасында басқа динлер, мәселен, шаманизм, христианлыққа исенетуғынлары көпшиликти қурайтуғын еди, ҳәттеки XIV әсирге дейин буддизм динине исениўшилер болған. Сонлықтан, Хожа Ахмад

Яссавий тийкарынан көшпели ҳәм сахрайы түркий қәўимлерин мусылманластырыўды мақсет етип, ҳикметлерин дөретеди. Ахмад Югнакийдиң шығармасында төмендеги мазмундағы қатарлар бар:

“Ғариб эрди ислам ғариб болды баз,
Ибадат рийа болды абид мажаз”,

яғный, Ислам дини ғәриб еди, буннан да ғәриб болды, ибадат қылыў жүзегөйликке айланды, худажай адамлар ғәриб болып қалды делинеди.

Демек, Ахмад Югнакий дөретпеси жәрдеминде исламның ҳәлсизлениўин тоқтатыўға өз үлесин қосқан. Соның менен бирге ол мусылманлық дегени тек таат ибадат емес екенлиги, ал туўрылық, ҳадаллық, билимлилик исламның баслы шәрти екенлигин дурыс ҳәм тәсирли етип түсиндириўди мақсет етип қойған. Ең баслысы, Адиб Ахмад нәсиятлаў талапларынан келип шығып, әдеп ҳәм илим, диний сезим ҳәм ой-пикир, мағрифет ҳәм бахыттың бир-бири менен жүдә тығыз байланыслы екенлигин дәлийллеўге умтылады. Усылардың ҳәммесине ерисиўдиң биринши негизи Қурани карим ҳәм пайғамбар ҳәдислери есапланады.

Ахмад Югнакийдиң “Ҳибатул-ҳақойиқ”ты дөретиўден гөзленген мақсет адамларға динниң мазмунын ҳәм шәртлерин тар түсинбестен, тек ибадат, намаз бенен шегараланбастан, илим үйрениў, илим күшине сүйенип дүньялық машқалаларды шешиўге шақырыўдан ибарат болған.

Х-әсирден баслап түркий халықлар арасында дин тийкарларын руўхый турмысқа енгизиў бойынша кең жол ашылған еди. Бул процесске әмелдарлар, дин ўәкиллери, уламалар менен бирликте әдебият, көркем сөз ўәкиллери өзлериниң үлеслерин қосқан. Мысалы, идеал мусылман адам ямаса мәмлекетлик искердиң диний өлшемлер шеңберинде қандай пәзийлетлерге ийе болыўы кереклигин Юсуп Хас Ҳажиб “Қутадғу билик”инде, диний қағыйдалар менен суфизм этикасын бирлестирген Хожа Ахмад Яссавий “Девони ҳикмат”инде ҳәм Ахмад Югнакий “Ҳибатул-ҳақойиқ”ында баянлайды. Бул аты

аталған дөретиўшилер инсанның әдеп-икрамлық ҳәм ой-пикириниң жетилисиўинде динниң орнын ҳеш нәрсе менен алмастырыўға болмайтуғынлығын билген.

Ҳақыйқатында да Аллаҳ таала динге шын берилген адамлар басқаларға ҳеш қашан нәҳақ, әдалатсыз қатнаста болмайды. Миллий бирликти ҳәм теңликти ушын өзиниң мүнәсип үлесин қосыў ҳәрекетинде болады. Дин адамларды қәлб ҳәм руўх иллетлеринен қутқаратуғын күш болып табылады. Бул бойынша Қурани карим сөзлериниң тәсирин басқа ҳеш нәрсе менен теңлестириў мүмкин емес. Қурани карим илим ҳәм ийман, кәмиллик китабы болып табылады. Илимпазлардың айтыўынша, оның ҳаслы, сыйқырлы күши тилиндедур. Арабшаның узын ҳәм қысқа сөз дизбеклери жүдә ырғалы жараңдар, музыкалы сеслер тербетеди, бул оның тәсирин еле де күшейтеди. Қуран аятларындағы сөзлер ҳәм олардың мәнисинен мусылман дүньясының дөретиўшилери илҳам алған ҳәм оларға тийкарланып қәлем тәрбеткен. Юсуп Хас Ҳажиб, Ахмад Югнакий, Хожа Ахмад Яссавий сондай дөретиўшилер болып табылады.

Мухаммед пайғамбарға ең дәслепки буйрық «Оқы!» деген калима болғанлықтан исламий, түркий әдебиятларда оқыў ҳәм билим ийелеў, билимли болыў ҳаққында пикирлер раўажланады. Билип сөйлеў, түсинип сөйлеў, билмей ҳеш сөйлемеў мәселесине айрықша дыққат қаратылады.

Ахмад Югнакийдиң:

“Билик бирла бил нур саодат йули,
Билик бил саодат йулини була”,

яғный, билим менен бахыт жолы ашылады, илимли бол, бахыт жолын изле” деген шақырығы, Қуран аятларына тийкарланғанлығы сөзсиз.

Қуран аятларын ҳәм ҳәдислерди анық көрсетиў қыйын болғанлықтан, көркем шығармаларда, дидактикалық дәстанларда белгили бир кәлйма ҳәм ибара алынып, қойылған мақсетлер ушын қолланылған, айырым жағдайларда

аяттың мазмуны қосық қатарлары менен баян етилген. Адиб Ахмад "Ҳибатул-ҳақойиқ"тың кирис бөлиминде:

"Йуқ эрдим яраттинг яна йуқ қилиб,

Икинч бор қилурсан муқирман бунга",

яғный: "Жоқ едим, жараттың, және жоқ қылып, қайта (екинши) пайда етерсең, буған ықрарман" – дейди. Бул қатарларды Қурани кәримниң Бақара сураси 28-аятының мазмунының түркий тилиндеги қосық формасындағы баян етилиўи болып табылады.

Хазрети пайғамбарымыздың: "Қытайда болса да илимге умтылыңлар, себеби илим алыўға ҳәрекет етиў ҳәрбир мөминге парыздур",[1] – деген ҳәдисине сүйенеди.

Изертлеўшилер "Ҳибатул-ҳақойиқ"та "21 жерде пайғамбарымыз ҳәдислери ушырасады"[2] – деп көрсетеди профессор М.Имомназаров. Ҳәдислер Мухаммед пайғамбарға тийисли ибретли сөзлер, нәсиятларды өз ишине алған диний-этикалық көрсетпелер болып, мусылманлардың турмысының барлық тәреплерин қамтып алады. Олардың ҳәр бири кәмил әдеплиликти қәлиплестириўге, инсанларда жоқары әдеп-икрамлық пәзийлетлерин тәрбиялаўға, жақсылыққа шақырады. Сонлықтан да диний ҳәм дидактикалық дөретпелерде ҳәдислерден кең пайданылған.

Адиб Ахмад дөретиўшилигинде, инсанның руўхый жақтан жетилисиўинде әдеп-икрамлық тәрбияның тәсирин жоқары баҳалайды ҳәм бунда халық аўызеки дөретиўшилигиниң үлгилеринен, әсиресе нақыл-мақаллардан да кең қолланады. Мәселен:

"Жафо қилдачинға ёнут қил вафо,

Аримас неча ювса қон бирла қон.

яғный: саған жапа қылғанға сен опа менен жуўап бер, қанды қан менен қанша жуўса да, ол кетпейди" – деген байты "қанды қан менен жуўып болмас" деген мақалға барып тақалады.

Шығыс шайырлары, ойшыллары әдетте дүньялық мәселелерди шешиўде ҳәм диний шынлықлардың инсан тәғдири ушын қаншелли әҳмийетли екенлигинен келип шығып Қуран аятлары ҳәм ҳәдислерине мүражат еткен. Бул қараханийлар заманының жәмийетлик-руўхый турмысын сәўлелендирген "Қутадғу билик"те ҳәм "Ҳибатул-ҳақойиқ"та айқын көринеди.

Ахмад Югнакий ***бәрше нәрселердиң өзгериўшеңлигин, үзликсиз орын алмасыў процессинде болып отыратуғынын*** ҳәм нәтийжеде «Жаңа гөнереди, жигит кексейеди, бели бүгилип, күши кетеди» , бүгин бар нәрсе ертең жоқ, меники деген нәрселер ертең басқаларға қалады дейди. Бир бирине қарама-қарсы нәрселер жүдә көп, тәғдир адамды қуўандырып, щадлыққа бөлейди, қапа қылып жылатады. «Дүнья (тәғдир) күлип бағады ямаса қабағын үйип қарайды, бир қолында палы болса, екинши қолы менен оған зәҳәр қосады» турмыстың қыйыншылықларын адам тек өзиндеги ақыл-парасаты менен жеңип, жақсы тәрепке өзгериўге ҳәрекет ети жасаў кереклигин нәсиятлайды. Себеби, «бул дүнья қонып кететуғын бир кәраўансарайдур. Конып түнеп болып кетебереди». Бирақ бул келип кетиўши адамлар усы өмиринде жаксы әмеллерди ислеп, ол дүньяда жәннетке барыў ушын таярлық көриўи керек деп есаплайды.

Шайыр бул дүнья ҳәм ол дүнья арасындағы қатнасты мазмун ҳәм форма сыпатында түсинеди. Бул дүньяны тиришиликтиң сыртқы формасы, ал ол дүньяны мазмуны деп есаплайды. «Қараң, бул дүнья сырттан қараған адамға жүдә гөззал, ишки тәрепи болса мыңлаған жағымсыз нәрселерден ибарат» деп, сыртқы формаға емес, ал ишки мазмунға кеўил қойыўды мақул деп көрсетеди. Ишки мазмун бул дүньяда жақсы емес, ол дүньяда – жәннетте жақсы. Бул дүньяның сыртқы гөззаллығына умтылмастан, ол дүньядағы ҳақыйқый мазмунға умтылыў керек деп адамларға жақсы пәзийлетлерди ийелеўди ўазыйпа етип қойды. Сол жол арқалы адамлар өзлери жасап атырған жәмийетин бахытлы, абадан етиўи лазым деген пикирди алға сүреди. Халықтың қыйын жағдайда жасап атырғанлығына заман ямаса тәғдир айыплы емес дейди.

«Халықты қойып заманды айыплы қылма, заманыңды емес, бәлки адамларды айыпла» - дейди. Жаман тәрбия алған адамлар бузықлықты үйренген. Жер жүзи бундай нәкаслардан тазаланыўы керек деп орталықтың, жәмийеттиң ҳәм адамлардың өз-ара тығыз байланыслы екенлигин тастыйықлайды.

Адиб Ахмад ҳәм оның "Ҳибатул-ҳақойиқ" дәстанында суфизмниң тәсири орын алған.

Шығыс мәденияты тарийхында үлкен орын алған суфизм (тасаввуф) VII әсирдиң екинши ярымында майданға келген еди. Оның пайда болыўының негизлери Исламда пайда болған айырым өзгерислерге наразылығы. Себеби Ислам дәслеп адамлардың Аллатаалаға шын ықласы менен берилиўи әдалат ҳүждан тийкарында пайда болған болса, үшинши Халифа Оспан дәўирине келип ол мәмлекетлик күш ҳәкимликлерге пүткиллей араласа баслады. Соның ушында мәмлекет басына шыққан айырым адамлар Исламды өз мақсетлерине бойсындырғысы келип оған айырым өзгерислерди киргизе баслады. Суфизм (тасаввуф) – мине сол ҳәрекетлерге қарсы наразылық тийкарында пайда болды.

Суфистлер бул дүньяда болып атырған әдалатсызлықлардан пүткиллей ренжиди. Соның ушында илажы болғанынша бул дүньядан ўаз кешиў, өзлерин дәрўишликке салып қыйнаў, арғы дүньядан әдалат күтиў әнжамына кирисе баслады

Ислам тарийхында суфизмниң еки бөлими бар болып есапланады. Биринщиси экстазшылық. Бул тәлиймат пүткил дүньяны, тиришиликти умытып тек Аллатааланы ғана ойлаў, оған жан жүреги менен берилип пүткиллей ашық болыў, соның жолында ышқыда естен айрылыў бағдарындағы суўфылар. Олардың түсиниги бойынша бул дүнья өткинши тек адамларды қадағалаў ғана дүньясы. Соның ушында бул дүньяда адамлар арасында бирин-бири алдаў, сүтхорлықлар көп. Егер кимде-ким бул дүнья ғалма-ғалларынан өзин тутып дәрўишлик пахырлықта өмир кеширсе, екинши ҳақыйқый дүньяда бахытқа ериседи деген пикирге барады.

Екиншиси – эклектик. Яғный бул дүньяда жасаўдан пүткиллей ўаз кешиў. Бул бағдардағы адамлар көбирек өзин-өзи азаплаўды мақул көрген.

Суфистлер өз заманына пүткиллей наразы болсада, оған қарсы гүресиўди мақул көрмеген. «Бул әдалатсызлықларға тек екинши дүньяда ғана ажырым бериледи. Соның ушын тек сабыр-тақат керек – деген шешимге келген».

VII-VIII-әсирлерде мусылман еллеринде жүзеге келген суфизм (тасаввуф) тәлийматы ҳәм тариқатлары XI-әсирден баслап түркий халықлар арасына тарқалады ҳәм олар ислам дининиң негизлерин үгит-нәсиятлаўда, беккемлеўде, халықты, ел-журтты сыртқы душпанлардан қорғаўда хызмет көрсеткени мәлим. Орайлық Азияда Нажимаддин Қубро тийкарын салған “Қубровийа” тариқаты, Хожа Ахмад Яссавий тийкарын салған “Яссавийа”, Бахауддин Нақшбандий тийкарын салған “Нақшбандийа” тариқатлары еди.

XII-XIII әсирлерге келип, Орайлық Азия халықларының социаллық ҳәм руўхый өмирин басқарыўда суфизм тариқатшыларының жетекши роли бир қанша күшейген ҳәм халық ишине тереңирек кирип барған еди. Суфийларды қызықтырған ҳақыйқат ҳәм машқалалар ишинде, биринши гезекте, нәпис тәрбиясы, әдеп гөззаллығы, кеўил сырлары ҳәм руўхый жетикликке ерисиў жолларын ийелеў болды. Суфизм идеялары көркем дөретиўшиликтиң мусылман еллеринде жоқары дәрежеде раўажланған поэзия түринде үлкен шеберлик пенен өз сәўлелениўин табады. Усы дәўирлерде жаңа мазмундағы суфизм поэзиясы кең тарқалады. Суфизм әдебиятының изертлеўшиси Н.Комилов бул пикирди былайынша тастыйықлайды: “XI әсирден баслап Шығыстың дерлик бәрше атақлы шайыр ҳәм жазыўшылары, ойшыл ҳәм алымлары тасаввуфтан азықланып, оның инсанпәрўарлық ҳәм ҳақгөйлик идеяларынан руўхланған”.[1]

Суфизмниң дыққат орайында әдеп-икрамлық мәселелери турады. Себеби бул дәўирлерде ким әдеп-икрамлықта алға илгерилеген болса, сол адам супылықтада илгерилейди деген пикир әҳмийетли қағыйдаға айланған. Дәслепки супылар дәбдебели өмирден бас тартып, мүсәпирлик жолын таңлап,

сабыр-қанаатлық пенен дәриўшана жасаўды абзал билген. Супы басқа адамлардан өзиниң пәк ҳәм ғәрибана өмир сүриўи, таат-ибадатта болыўы ҳәм тек ғана иләҳий руўхқа биригиўди мақсет етип қойыўы менен парықланады.

Ахмад Югнакий супылықтың сырлары ҳәм мазмунынан жақсы хабардар болған. Супылықтағы дүнья-малға өз нәписин қадағалаў, пәклик, ҳақлық жолында мәрдана алға илгерилеп барыўды қоллап-қуўатлайды.

“Нелук молға мунча кўнгул боғламоқ,
Бу мол келса арта борур боз кеча.

яғный, “Соншама мал-дүньяға кеўил қойыў неге керек, бул байлық келсе көбейеди, азаяды ҳәм жоқ болады”, - дейди.

Бул дүнья бир қонып кететуғын кәрўансарайға уқсайды, сарайға келген адам тез арада бул жерден жылжыўы керек. Дәслеп кәрўан турып жолға шығады, оннан кейин басқалар жолға түседи, - деп айтады шайыр.

Ахмад Югнакийдиң пикиринше, “пәний дүнья” (өткинши дүнья) зәҳәрли жыланға уқсайды, ол рәҳәтленип жасаў ушын емес, ал бәлким, азап шегиў ушын жаратылған, оның көп түрли ашшы-душшысына көнлигип, оларға сабырлылық пенен шыдам бериў керек, бахыт – ҳәзлик, рәҳат бул бир түс болып, қустың бир заманда ушып кететуғыныңдай, көзди ашып-жумғанша өтип кетеди:

“Ёзинги булут-так ё туш-так холи,
Даранчсиз кечар бахт ё қуштак учар”.

Ислам этикасында қанаатшыллық, кемтарлық, сыпайылық инсандағы ең жоқары ҳәм гөззал сыпатлардан болып, олар менменликке қарама-қарсы пәзийлет болған. Суфизм ўәкиллери исламий диний талапларға сүйенген ҳалда, әдеп-икрамлық пәзийлетлердиң мазмуны ҳәм әҳмийети еле де байытады.

Адиб Ахмад өз шығармасында суфизмде кең талқыланатуғын “тавозеъ” – түсинигине үлкен орын ажыратады. “Тавозеъ” – сөзи кемтарлық, ҳүрмет-иззет, бойсыныў деген мәнилерди аңлатады. Ахмад Югнакий тавозеликти

мөминликтиң тийкарғы белгиси деп түсинеди ҳәм оның қарама-қарсысы болған такаббырлықты, адамларды писент етпеў, менменлик сыяқлы жаман сыпатларды кескин қаралайды.

“Такаббур либосин кийип өз солин,
Кериб халқда, куксинг озурлаб тилин…
Тавозеъ қилиқни кўт рур иди”,

яғный, “такаббырлық липасын кийип, көкирегиңди халыққа керип, тилиң менен азап бериўден сақлан…Худажай, мүлайим қылықты қудай да жақтырады”, - дейди Югнакий.

Югнакийдиң дүньяға көз-қарасында ислам этикасында ҳәм суфизм тәлийматында раўажланған тийкарғы түсиник ҳәм идеялар сәўлеленеди. Биз жоқарыда олардың айрымларына тоқтап өттик.

Суфизмди Югнакий әдеп-икрамлық философия сыпатында қарайды. Ол суфизм байланыслы болған түсиниклерди әмелий характерге ийе деп түсинеди.

“Ҳибатул-ҳақойиқ”та инсанның ишки дүньясының раўжланып барыўында, оның руўхый жетилисиўинде, кәмилликке ерисиў жолындағы әҳмийетли орынды ийелейтуғынлығын айрықша көрсетип өтеди.

## II-БАП. А.ЮГНАКИЙДИҢ ЭТИКАЛЫК КӨЗ-ҚАРАСЛАРЫ

Ахмад Югнакийдиң дүньяға көз қараслары идеалистлик характерге ийе болған, оның қәлиплесиўинде шайыр жасаған заманның тәсири, жәмийетте ҳүким сүрип турған социаллық қатнаслар ҳәм руўхый өмириниң өзине тән раўажланыў өзгешеликлери өз сәўлелениўин тапқан. Халықтың әсирлер бойы топлаған даналықлары, руўхый мийраслары менен бирге ислам диний тәлийматының ҳәм суфизмниң тәсири көринип турады. Соның менен бир қатарда ол демократиялық мазмундағы алдыңғы қатар пикирлерди билдире алған ойшыл болып табылады. Ол жәмийетте ҳүким сүрип турған социаллық әдилсизликти қаралайды, қарапайым халықтың (қара авом) қыйын турмысын үлкен аяныш пенен жырлайды. Югнакий ҳәр бир инсан шығысы бойынша бирдей Алла алдында теңдей ҳуқыққа ийе деп есаплайды. Сонлықтан, қарапайым халықты хорлаў гүналы ис болып, олар жақсы өмир сүриўге ҳақылы деп көрсетеди.

“Ҳибатул-ҳақойиқ”қа суфизмниң тәсири күшли болғанлығы анық. Бирақ бул тәсир унамлы мәниске ийе болған. Изертеўши К.Махмудовтың Югнакийдиң “реал турмыстан ажыралмай жасаўға шақырыўы” ҳәм “оның сол дәўир жағдайы ушын үлкен қаҳарманлық еди”[1] – деген пикирин қоллап қуўатлаймыз. Бул шығармада дин менен бир қатарда дүнья ҳаққында, әдеп ҳәм илим, ақыл ҳәм адамның өмириниң мазмуны ҳаққында баҳалы пикирлер көрсетиледи.

Ахмад Югнакийдиң дүньяға көз-қарасын ашып бериў ушын, оның “Ҳибатул-ҳақойиқ” шығармасының мазмунын, онда алға сүрилген идеялардың мазмунын көзден өткерип, талқылаў зәрүр болады.

Бизге белгили, шығарма Орта әсирлик Шығыс әдебиятының дәстүрине муўапық ҳамд менен басланады. Ҳамд – мақтаў, уллылаў, миннетдарлық, шүкраналық сезимлерин баян етиў мазмунындағы сөз болып табылады. Бул сөз

тек Аллаға ғана қолланылады. Себеби, барлық мақтаўлар пүткил әлемниң жаратыўшысы ҳәм оларды камалға келтириўшиси болған Аллаға ғана тийисли. Шарапатлы Қураны кәримниң Фатиҳа сүресиниң биринши аятында “Алҳамдулиллаҳи роббил ал амин ар рахмону рахим малики яувмиддин”, яғный, “ҳамду сано пүткил әлемниң Хожасы, меҳрибан ҳәм рейимли, жаза (қиямет) күниниң ийеси – патшасы Алла ушындур” – деген илаҳий ҳақыйқат ҳәм талапқа муўапық Ахмад Югнакий өз шығармасын Алланы мақтаў менен баслайды:

“Илаҳий, ўқуш хамд аюрман сенга,
Сенинг рахматингтин умарман унга. (29 бет)

яғный: Эй таңирим, саған көп ҳамду-сана айтаман, сениң рахметиңнен үмит етемен” – дейди.

Алланың мадхи менен баслаған пикирлерин Югнакий Таңириниң сүйикли Расулы Мухаммад пайғамбарды уллылаў менен даўам еттиреди. Оларда

Ахмад Югнакий өзинен бурын жасаған ойшыллар сыяқлы, дүньяның жаратыўшысы Қудай, адамды дөреткен екенлигин тастыйықлайды. Оның пикиринше, Қудай әлемниң ҳәм өмирдиң жалғыз ҳүкимдары болып, адамлардың тағдийрин ҳәм ис-ҳәрекетлери белгилейди ҳәм басқарады.

Ахмад Югнакий “Ҳибатул-ҳақойиқ” шығармасының дәслепки бөлимлеринде Аланы уллылап, мақтаўлар айтып, 3-4 байтларында Қудайдың бирлиги ҳәм барлығын исеним менен баянлайды:

Сенинг борлиғинға тануғлуқ берур,
Жумат жон авар учқан югурган кенг-а.

яғный, жанлы, жансыз тәбият, ушатуғын ҳәм жуўыратуғын нәрселер сениң барлығыңа гүўалық берер.

Сенинг борлиғинға дәлил арқаған,
Бўлур бир ненг ичра дәлиллар минг-а.[1]

Мазмуны: Бир нәрсе ишинде сениң бар екенлигиңди тастыйықлайтуғын

дәлийллер мыңлап таўылады.

Бунда шайыр Қудайдың жаратыўшылық қүдирети, әлемдеги бәрше жанлы ҳәм жансыз нәрселер оның бар екенлигине гүўалық беретуғынын көрсетеди ҳәм адамларды мәнаўий-руўхый сергекликке шақырады. Себеби, ғәплет (ҳеш нәрседен бийхабар болып) жәҳалат пенен өткен өмир өлиминен де қорқынышлы ҳәм қәўиплирек деп көрсетеди.

Оларда Мухаммад пайғамбарға болған мухаббат сезими жоқары пафос пенен баян етиледи. Қуран аятлары ҳәм ҳәдислерден орынлы пайдаланып ол уллы заттың туўылыўы ҳәм гөззал, басқа инсанларға өрнек болатуғын пәзийлетлери ашып көрсетиледи.

“Ҳибатул-ҳақойиқ” та төрт халифаларда мақтаўларға миясар болған.

Булардың барлығы Ахмад Югнакийдиң өз дәўириниң ислам динине садық, дүньяға көз-қарасы ислам ҳақыйқатлары менен қәлиплескен мусулман шахс екенлигин дәлийллейди. Деген менен бул Ахмад Югнакийдиң өз шығармасын тек диний талап ҳәм зәрүрликлер себепли дөреткенин аңлатпайды. Шығармадағы Дод Сипоҳсолорбекке арналған қатарларда шайырдың илим ҳәм билимге тийисли ўазыйпаларды өз алдына қойған, тек мәмлекет басшысы, күшли сиясатшы сыпатында ғана емес, ал илимниң қоллап-қуўатлаўшысы, ағартыўшы, ең жақсы инсаныйлық пәзийлетер ийеси болғанлығы тәрийпленеди.

Ул ул ақл, уқуш, хуш хирадқа макон,
Билик маъдани ҳам фазилат қони.
Симактин эдизрак тутар химмат ўл,
Сахоси мукарам йика дармони.

Мазмуны: Ол ақыл хуўш, жақсы қәсийетлер мәканидур, билим дереги ҳәм пәзийлет кәнидур. Оның дәрежеси Симак жулдызынан бәлентирек, саҳаўатта жетик, дәртлиге дәрманы тәсирлирекдур. (35-36 бетлер).

Көрип турғанымыздай, Ахмад Югнакий сиясаттан мәрифатты, патшалық қүдиретинен мүриўбетти, шәпаат күшин бәлент қояды.

Адиб Ахмад Дод Сипоҳсолорбекти усы шынлықты терең түсингенлиги ҳәм оған әмел қылғаны ушын да күш-құдирети бойынша ҳәзрети Умарға, инсап ҳәм әдалатлылықта Ношираванға теңлестиреди.

## 2.1. «БИЛИМ МЕНЕН БАХЫТ ЖОЛЫ АШЫЛАР, ЕЛ ҒАМЫН ОЙЛАҒАН ОҒАН АСЫҒАР». АДАМНЫҢ РУЎХЫЙ ӘДЕП-ИКРАМЛЫҚ ЖЕТИЛИСИЎИНДЕ ИЛИМ ҲӘМ БИЛИМНИҢ ӘҲМИЙЕТИ ҲАҚҚЫНДА

Ахмад Югнакий дөретиўшилигинде өз сәўлесин тапқан дүньяға көз-қарасының мазмуны ҳәм әҳмийетин, оның илим ҳәм билим ҳаққындағы прогрессив идеялары белгилейди.

Ахмад Югнакийдиң "Ҳибатул-ҳақойиқ" шығармасының илимге бағышланған бапларындағы "илим нуры менен саодат жолы ашылады" деген орайлық идея қызыл сызық болып өтеди.

Бул жолға кириўди қәлеўши адам, әлбетте, илим ийелеўи зәрүр:

Билик бирла бил нур саодат йули,
Билик бил саодат йулини була!

Мазмуны: билим менен саодат жолы ашылады, соның ушын илимли бол, бахыт жолын изле. (40-бет).

Ахмад Югнакийдиң илимди бахыт ҳәм саодат жолы деп белгилеўи тосыннан емес. Оның пикиринше, адам баласы илим-билим арқалы өзин наданлықтан, саўатсызлықтан, артта қалыўшылық сыяқлы апатлардан қутқарады.

Екиншиден, ол ҳақты аңлайды, дүнья ҳәм турмыс сырларын билиў имканиятына ериседи. Ең әҳмийетлиси, адам өз кеўилин өткинши арзыў-әрманлар, қәлеўлерден қорғай алады.

Әлбетте, илим ҳәм оның пәзийлетлери ҳаққында сөз етер екен, Ахмад Югнакий дин ҳәм шәрият илимин нәзерде тутқаны сөзсиз.

Сондай болса да, Ахмад Югнакий илимди тек ғана дин дөгерегинде, диний мәнисте түсинип, талқылаған деген пикирге қосыла алмаймыз, себеби ол ҳақыйқатлыққа туўры келмейди.

Ахмад Югнакий ушын әдеплилик, нәписи тәрбиясы, кәмил инсан

дәрежесине көтерилиў тиккелей илим менен байланыслы еди.

Мусылман Шығыста илим екиге бөлинеди. Биринщиси, оқыў ҳәм логикалық пикирлеў арқалы ийеленетуғын кәсиплик илим болса, екиншиси Алла тәрепинен адам қәлбине берилетуғын илим, мағрифат.

Диний илимлер де екиге бөлинеди:

1. Муомала илими. Оның мақсети адамның ис ҳәрекетлерин, әдебин ҳәм ибадатын үйрениў болып табылады.

2. Мукошафа илими. Бул сөзден емес, ал ҳал арқалы тиккелей ҳақтан алынатуғын илимге айтылады.

Дүньядағы бәрше илимлер ҳақыйқатты билиўге, әлемниң сырларын ашып ийелеўге ҳәм адамды кәмилликке ерисиўи ушын хызмет етеди. Мусылман Шығысының прогрессив пикирлеўин илимпаз ҳәм ойшыллары химия, математика, физика, астрономия сыяқлы илимлериниң ҳәммесинде пайдалы ҳәм анық мақсетлер бар деп есаплаған. Солардың қатарында Ахмад Югнакийдиң илим ҳәм билим ҳаққындағы пикирлерине тереңирек нәзер салсақ, бул уллы ойшылдың адамларды илимлердиң бәрше түрлерин үйренип ийелеўге шақырғанлығын билиўге болады.

Адиб Ахмад илим, билим түсинигин кең мазмуна алып қараған, ол ҳәм диний ҳәм дүньялық илимлер ҳаққында пикир жүргизген.

Адиб Ахмад адамның руўхый жетилисиўинде, кәмилликке ерисиўинде илим ҳәм билимниң ролин жоқары баҳалайды. Ол ҳәттеки:

Биликлик тиши эр, жоҳил эр тиши

яғный, билимли ҳаял еркекдур,

билимсиз еркек ҳаялдур дейди.

Ахмад Югнакийдиң билимли ҳаялды еркек пенен тең қойыўы жаңа жәмийетлик көз-қарастың көриниси болып, ҳаял киси исламның дәслепки жылларынан баслап ески түрк қәўимлери орталығында жоқары дәрежеге көтерилгенлигинен дерек береди.

Ер адамға билим керек, билимли болыўы керек, ер адамның көрки ақылы делинеди:

Сунгакка тек эранга билик,
Эран кўрки ақл ўл, сўнакнинг йлик.

Адиб Ахмадтың бундай жуўмаққа келиўиниң себеби соннан ибарат, тиришиликтиң түп мазмунын ҳәм мәңгиликтиң сырын ашыўда билимди (мағрифатты) ийелеўинде деп биледи. Ол билимсиз, мағрифатсыз өмир кешириўди өмир деп есапламайды. Мың билимсизден бир ғана илим ҳәм билим ийесин үстин қояды.

Биликлик биринча биликсиз мингин,
Тенгакли тенгади биликнинг тенгин.

Мазмуны: Билимлиниң биреўи билимсиздиң мыңына тең, илимли адамлар илимниң қәдирине жетеди. (42-бет).

Ахмад Югнакий өз шығармасының байтларында “биликлик” ҳәм “биликсиз”, “билимли” ҳәм “билимсиз” сөзлерин келтиреди. Биликлиниң ис-ҳәрекетлери, минези, пәзийлет ҳәм ҳақыйқатлары нелер ҳәм биликсиздиң тағдийри ҳәм зыяны нелерден ибарат екенлигин шеберлик пенен тәрийплеп береди. Оның пикиринше, зер қәдирин зергер билетуғынындай, билимли адам илимниң әҳмийетин түсинеди ҳәм оны қәдирлейди. Билимли адам қандай иске қол урсада, билип ислейди ҳәм кейин пушайман болмайды. Билимли адам ис-ҳәрекети менен де, ой-пикири, нийети менен де басқаларға өрнек бола алады. Билимли адам керексиз сөзлерди сөйлемейди, ондай сөзлерден бас тарта алады:

“Биликлик кераклик сўзни сўлаюр,
Кераксиз сўзини кўмуб кизлаюр”. (45-бет).

Билимли адам керекли сөзди сөйлейди, керек емес сөзди көмип жасырады дейди.

Сол тәризде билимли адам өзиниң ҳикметли сөзлери, әдеп ҳәм ҳүрмет-иззетли болыўы, кишипейиллиги менен алғысқа ийе болады. Бундай

әдеп-икрамлық пәзийлетлерине ийе болмаған билимсизлер ҳәр қандай апат ҳәм тосқынлықларға ушырайтуғыны былайынша көрсетеди:

“Биликсизга ҳак сўз, татиқсиз эрур,
Анга панд-насиҳат осиғсиз эрур.
Не турлук ариқсиз арир, юв деса,
Жоҳил гоп аримас ариғсиз эрур”.

Мазмуны: Илимсизге туўры сөз мәписсиздур, оған үгит-нәсият пайдасыздур. Бирнеше кирлегенлерге жуўыныў буйырылса таза болар, лекин жаҳил қанша жуўынса да пәк болмайды деген.

Илим үйренген ҳәм билимсиз адам турмысте ҳеш қашан тең болмайды, билимли қымбат баҳалы маржандур, ал илимсиз  надан адам, аты бар да өзи жоқ, пайдасыз өскен жабайы жемиске уқсайды. Ҳәр бир адам халық арасында өзиниң атын қалдырыўы  ушын елге узақ ўақыт пайда хызметлерди ислеўи керек. Өзи өлсе де жаратқан илими, жазған китабы, айтқан дана сөзлери келешек әўладларға қалыўы керек. Бул дүньяда аты белгисиз болып жасап кетиў адам ушын гүнә. Соның ушын адамлар имканы болғанынша илим жаратыўға умтылыўы керек дейди. «Билимли адам өлсе де, аты өшпейди, илимсиз адамның өзи тири болса да, исми өлген болады» деп баҳалайды

Ахмад Югнакийдиң илимниң әҳмийети ҳәм наданлықтың зыян екенлиги ҳаққында көз-қараслары бир қарағанда бир жөнкили, әпиўайы болып көринеди. Негизинде ойшыл бәрше дәўирлерде де мазмунын жоғалтпайтуғын илимли адамның келбетин сүўретлейди. Бунда бизиң көз алдымызға илимди сүйиўши, илим үйрениў ушын мийнет ететуғын, жоқары әдеп-икрамлы инсан келеди.

Ахмад Югнакий илим-мағрифат ҳәм оның әҳмийети ҳәм пайдасы ҳаққында пикир жүритип, илимсизлик ҳәм илим ийелеўге тосқынлық ететуғын иллетлер, яғный, билимсизлик, наданлықты қаралайды. Демек, адамның руўхый жетикликке ерисиўинде, кәмилликке ерисиўинде илим ҳәм билим оның бирден бир жолы екенлигин дәлийллеўге умтылады Адиб Ахмад. Бунда тек диний

илимлерди билиў дегенде Алланы билиў ғана емес, ал дүньялық илимлерди өзлестириў ҳәм әлемниң, тәбияттың сырларын билиў, адамның өзин билиўи, минез-қулқын тәрбиялаўы ҳәм инсанийлық, әдеп-икрамлық пәзийлетлерин өзинде қәлиплестирип барыўы, оны ҳақыйқый инсан мәртебесине көтеретуғын бирден бир дурыс жол деген идеяны алға сүреди.

Ахмад Югнакий Орайлық Азия халықларының дүньяға белгили болған илим ғайраткерлерин жетистирип берген дәўиринде жасады. Соның ушын да, прогрессив ойшыл сыпатында адамның илимий искерлигин мутакаллимлер сыяқлы қараламайды, дин-шарият нормаларына қарсы қоймайды, ал бәлким, илимди ҳәм илимпазлардың пәзийлетлерин жоқары баҳалайды, адамларды илимли, билимли, саўатлы болыўға шақырады, билимсизликти ҳәм наданлықты қаралайды.

“Ҳибатул-ҳақойиқ” дәстаны Ахмад Югнакийди уллы марифатпәрўәр ҳәм илимниң садық тәрепдары сыпатындағы келбетин сәўлелендиреди. Уллы ойшыл илим менен наданлықты бир бирине қарама қарсы қояды. Билимли адам, алым илим-билим менен бахытқа ериседи, ал билимсиз адам наданлығы ушын өмиринде ҳәр түрли қыйыншылықларға дуўшар болады, илимди, алымды, билимли адамды қәдирлеп илим үйрениўге тырысыў керек деп есаплайды.

Биликтан аюрман сўзўмга ўла,
Биликка ё дўст, ўзунгни ула.

Мазмуны: Билим ҳаққында сөзлемектемен, сөзимди жақсылап тыңла, билимли адамларға өзиңди байла.

Бахолик динор ул, биликлик киши,
Бу жохил биликсиз – баҳосиз биши.

Мазмуны: Билимли адам қымбатлы алтындур,
Билимсиз надан – қуны жоқ пақыр.

Адиб Ахмадтың пикиринше, адам ҳәм билим бир-биринен ажыралмас болып, тек билим ийелеў арқалы адам кәмилликке ериседи, жетик инсан

болады.

Югнакий адамның барлық жақсы ҳәм жаман ислериниң тийкарында билимлиги ҳәм билимсизлиги жатады деп есаплайды. Олар адамның әдеп-икрамлық ҳәм инсаныйлық пәзийлетлерин белгилейди. Уллы ойшыл адам тек ғана билим жәрдеминде, илимли болыўы менен мәртебесин көтереди, аброй арттырады ҳәм жақсы атын қалдырады, ал билимсиз дени саў болса да өлилер қатарында болады деп тастыйықлайды.

Биликлик эр ўлти, оти ўлмату,
Биликсиз эсан эркан, оти ўлук.

Мазмуны: Билимли адамның өзи өлгени менен аты өлмейди, надан – тири дегени болмаса, аты өлик.

Илимли, оқымыслы адамлар қаншелли көп болса, қәте servicesислер сонша кем болады. Олар өмирди, халықтың жағдайын жақсы түсинеди. Олар өз жумысларын түсинип ислейди, ақыбетиниң қандай болыўын аңлайды. Адамлар бундай «билип исленген servicesислерге кейин пушайман болмайды», билимниң пайдасы да сонда деп түсиндиреди.

Адамлар билимли болса мал-дүньяны, байлықты сол билими арқалы топлай алады: «Себеби байлы жоқ, ғәриб адамға оның илими таўсылмайтуғын байлықдур, мал-дүньясының есабы жоқ адамға оның билими шешилмейтуғын есапдур» - де пилим излеў ҳәмбайлық топлаўға қызығыўшылықты тәртипке салыўды, дәслеп илим ийелеп, кейин сол илиминиң жәрдеминде турмысын жақсылаў ҳаққында пикир жүргизеди. Илимди қойып мал-дүньяның изинен қуўып кетиў адамның әдеп икрамлығына, минез-қулқына кери тәсир көрсетеди деп адамның ақылы ҳәм билимлилиги менен әдебиниң тығыз байланыслылығын атап өтеди.

## 2.2. АХМАД ЮГНАКИЙ САҚЫЙЛЫҚ ҲӘМ БАҚЫЛЛЫҚ ҲАҚҚЫНДА

Ахмад Югнакийдиң “Ҳибатул-ҳақойиқ” шығармасы Юсуф Хас Хажибтиң “Қутадғу билик” дәстанынан кейинги түркий тилде жазылған әдеп-икрамлық пәнт-нәсият мазмунындағы қымбатлы руўхый естелиги. Ол формасы ҳәм мазмуны жағынан “Қутадғу билик”тиң айырым тәсирлерин өзинде сәўлелендирген. Соның менен бирге, Ахмад Югнакий ҳәм Юсуф Хас Хажибтиң көз-қарасларында уқсаслық пенен бирге айырым өзгешеликлер ушырасады. Бул тәбийий ҳал, әлбетте. Мәселен Югнакий билим алыў пүткил адамзат ушын, әсиресе қарапайым халық ушын ийгиликли ис болыўы тийис деген пикирди алға сүрсе, ал Юсуф Хас Хажибтиң пикиринше, билим, илим ийелеў тек ақсүйеклерге жарасады, ал қарапайым халықтың болса, билим алыўға умтылмайды, ол тек қарнының тоқлығы әҳмийетлирек.

Ахмад Югнакий:

Таварсизга билги[1] туганмас тавар,
Ҳисобсизга белги йарилмас[2] ҳисоб –

яғный, мал-дүньясы жоққа билим таўсылмас дүнья, есапсызға билим – қәтесиз есап деп көрсетеди.

Югнакий Юсуф Хас Хажиб сыяқлы тил мәселесине, сөйлеў мәдениятына айрықша итибар қаратады. Адиб Ахмад әдептиң басы тил ҳәм тилди тыя билиў деп есаплайды.

Адаблар боши тил, тиймоқ куп зарар,
Тилингни тийиб юр, синмасун тишинг.
Агар чиқса яшир, унглансин ишинг.

Юсуф Хас Хажиб “Таяқ соққысының изи тек кетер, тил соққысының изи узақ сақланар” дейди өзиниң “Қутадғу билик” шығармасында.

Әлбетте, тилдиң соққысы таяқ соққысынан, зәҳәри болса жылан зәҳәринен жаман. Соның ушын тилди тыйып жүрип, оны ашшы сөзлерден қорғаў әҳмийетли деп есаплайды Югнакий.

“Ўчуктурма эрни тилин бил бу тил,
Яраласа битмас, битар ўқ яра”.

Мазмуны: Адамды өшегистирме, оның тилин тап, бул тил жараланса (бузылса) дүзелмейди. Оқ жарасы болса питип кетеди. (48-бет).

Юсуф Хас Хажиб “Қол менен урғаннан, тил менен урған жаман”, деген ҳақыйқатлыққа тийкарланған болса, Югнакий бул ҳақыйқатлықты еле де тереңирек түсинип, “тил жарасы”нан өзиңди қорғаўдың бирден бир жолы “ойнап сөйлесең де, ойлап сөйлеў” керек дейди.

Ўқиб сўзла сўзни, эва сўзлама,
Сўзинг кизла кедин, бошинг кизлама.

Мазмуны: Сөзди ойланып сөйле, асығып түсинбей сөйлеме, керек емес, жаман сөзди жасыр, жарамас гәпиң ушын кейин басыңды жасырып жүрме. (78-бет).

Ахмад Югнакий адамның жақсы-жаманы, ақыллы-наданы тилинен, сөйлеген сөзлеринен белгили болады дейди. Егер ол адам билимли болса, оның сөзлери терең мәнили, ақыллы болады, ал наданның сөзлери мәниссиз, женил, езбе болады. **Югнакий көп сөйлегенди, езбеликти ақылсызлықтың белгиси деп қарайды.** Адам не тапса, тилинен табады. “Мал шақынан, адам тилинен байланатуғынындай”, Ахмад Югнакий де:

Неким келса эрга тилидан келур,
Бу тилдан ким эзгу, ким ҳурмат кўрур,

дейди. Тил кимлерди бахытлы, абыройлы мәртебесине жеткерсе, ал ойсыз, езбелер тилинен өзи де бахытсыз болады, басқаларға да зыянын тийгизеди.

Кўплап сўзлагандан ўкинганлар кўп,

Тилин тийганлардан ўкинган қани?
Сафиҳ эр тили ўз бошин душмани,
Тилидан тўкилди кўп эрнинг қони.

Мазмуны: Көп сөйлегеннен өкингенлер көп,
Тилин тыйғанлардан өкинген бар ма?
Тентек, ақылсыздың тили өз басының душпаны,
Тилинен төгилди көп ердиң қаны.

Бир адамда еки нәрсе бирлессе, мәниссиз көп сөйлеўшилик ҳәм жалған сөйлеў, булар оны бахытсызлыққа алып келеди, басын бәлеге жолықтырады дейди Адиб Ахмад.

Ики ненг бирикса бир эрда қоли,
Бухандди ул эрга мурувват йули:
Бир ул янгшир эрса кераксиз сўзин,
Икинч ялғон ул эрнинг тили…

Мазмуны: Егер кисиде еки нәрсе бириксе, ол орынсыз сөзлер менен езбелик қылса, екиншиден, оның сөзлери жалған болса, ол киси ушын жақсылық жолы бекитиледи. (50-бет).

Сонлықтан Югнакий:

Тили ёлғон эрдан йироқ тур доим,
Сен кечир умрингни тўғри, мулойим.

яғный, өтирикшилерден өзиңди алыста тут, өмириңди туўры, расгөй, мүлайим тәризде өткер деп кеңес береди.

Шайыр туўрылықты ҳәм ҳақыйқатлықты адамның ең зәрүрли баҳалы қәсийети деп есаплайды. Олар болмаса адам өзиниң өзлигин, мазмунын жоғалтады. Адамның ҳақыйқатлық ҳәм расгөйлик дәрежеси оның әдеп икрамлық жетиклигиниң дәрежесин көрсетеди.

Тўғри бўл, тўғри қил, тўғри ном орттир,
Тўғри сўз деб билсин халойиқ бир-бир.

Тўғрилик тўнин кий, билиб ол шўни,

Яхши тўн доимо яхшилик тўни. (51-бет).

Шайыр туўры сөзди “аўыз ҳәм тилдиң безеги” деп тәрийплейди.

Оғиз тил безаги кўни сўз турур,

Кўни сўзла сўзни дилингни беза. (50-бет.)

Югнакий дурыс сөзди – палға, жалған сөзди – ашшы пиязға, туўры сөзди – шыпаға уқсатады.

Кўни сўз асал тек бу ялғон басал,

Басал еб ачитма ағиз е асал.

Ё ялғон сўз борасида тиқиллиш масал. (51-бет).

Әлбетте, туўрылық, дурыс сөйлеў инсанның ең жоқары пәзийлетидур. Соның ушын халқымыздың санасында, ой-пикиринде барлық ислер туўрылыққа тийкарланыўы тийис деген көз-қарас қәлиплескен. Югнакий де жалған ҳәм шын сөздиң ортасындағы парықлар, бириниң пайдасы ҳәм екиншисиниң зыяны ҳаққында айтады. Ол жалған сөз кеселлик сыяқлыдур, шын сөз шыпадур, бул ҳаққында усындай нақыл тоқылған: туўры бол, туўры ис қыл, туўры деген атыңды шығар: халайық сени туўры деп билсин. Туўрылық тонын кий, игрилик (қыйсық, жаманлық) тонын шеш, кийетуғын кийимниң жақсысы туўрылық тоныдур, - дейди Адиб Ахмад.

Көрип турғанымыздай Ахмад Югнакий туўры сөзли, ҳақгөй, ҳақыйқатшылық инсанларды жоқары баҳалайды ҳәм туўрылық ҳәм жақсылықты бирдей түсинеди ҳәм адамларды туўрылық липасын, жақсылық тонын кийип жүриўге шақырады, расгөйликке тәрбиялаўды жоқары миннет деп есаплайды.

Ахмад Югнакий сол заманның көплеген шайыр ҳәм ойшыллары сыяқлы Шығыста үлкен итибарда болған ҳәм көп талқыланған сақыйлық ҳәм бақыллық мәселесине айрықша тоқтап өтеди.

Югнакий сақыйлықты ҳәм кеңпейилликти мақтаўға ылайық болған ең

жоқары инсаныйлық пэзийлетлер деп көрсетеди.

Ахи арни ўггил ўгар эрса сан,
Бахилга қатиғ ё ўқун қизлагил.

Мазмуны: Мақтамақшы болсаң, сақыйларды мақта, бақылларға оқ жайынды туўырла. (61-бет).

Ахи эр биликни ета билди кўр,
Анин сотти молин сано олди кўр.

Мазмуны: Сақый адамлар билимниң қәдирине жете билгенин, соның ушын барлық малын сатып мақтаў, алғыс алғанын көр. (61-бет).

Әлбетте, сақыйлық ҳәм сақаўаттың илим менен бирге, байланыста алып қаралыўы жүдә әҳмийетлидур.

Қайыр-сақаўатлылықты, сақыйлықты инсанның ең жақсы пэзийлети сыпатында тәрийплеген Ахмад Югнакий адамларды мүтәжлерге, гедейлерге, жетимлерге, ашларға ғамхорлық қылыўға, жәрдем бериўге шақырады:

Яроғлиқ ошингни кишига едур,
Яроғ бўлсанг уфроғ ёлингни бутур.
Кум эмган текурма кишига қоли,
Агар текса эмган кишидинг кутур.

Мазмуны: Жарамлы (жақсы) асынды кисиге жедир, жупыны жалаңашларды кийиндир. Зинҳар адамларға зулум жеткизбе, егер сондай жағдайға түскен адамды көрсең, оны бул бәледен қутқар.

“Қўллар ичра қўтлиси ҳәм сахий қўл,
Олсаю бермаса қўтсидур ўл”.

Бериўши қол қоллардың қутлысыдур, алып бермеген қол қоллардың қутсызыдур дейди Югнакий. Түрли жоллар менен мал-дүнья жыйнаған, байлығынан өзине ҳәм басқаларға пайдасын тийгизбеген бақыл, сықмар адамларды қатты сынға алады.

Бахил, нокас, тубан тавар посбони,

Емас-ичмас, йиғар, тутар берк они.

Дўстига таттирмас бахил тўзини,

Ўиди қолур моли, еюр душмани,

- деп сықмар жыйнаған тергенин қызғанып, өлип қалағойса дүнья-малы душпанларына жем болады, бирақ бақыл өлип, топыраққа көмилсе де сықмарлықтан ўаз кеше алмайды. Бақыллық, сықмарлық ең жаман иллет сыпатланады.

Хабар бор берилса агар одами,

Икки кўл динорни ул ўн қўл қилур, -

яғный, сондай нақыл барки, егер сықмарға еки динар берилсе, ол бунның он динар болыўын қәлейди.

Бахил йиғди зар-сийм харомдан улуш,

Ахийри олибди лаънат-ла сўкиш.

Улуш бўлди моли кишилар аро,

Бахил олди андин сўкинчдан улуш.

Қамуғ қизғоникли очун молини,

Еюмади, борди, кўринг ҳолини.

Бақыл ҳарамнан (қорықпай) алтын-гүмис жыйнайды, бирақ нәлетке қалады. Ол өлгенинен соң мал-дүньясын басқалар үлесип алады, бақылға нәлетлер ғана үлес болып қалады…

Дүньяның талай байлығын қолға киргизип, жемей-ишпей кеткен кисиниң ҳалын көриң, - деп айтады Адиб Ахмад.

Бақыллық адамды мал-дүньяның, байлықтың қулына айландырады. Өз пикирин раўажландыра отырып Югнакий, - бақыллы иллети адам баласына жат қәсийет екенин, ашкөзликтиң шегарасының болмайтуғынын айтады. Байлыққа тойымлық жоқ, шайыр айтқанындай, сықмар еки динарды он динар болса екен деп тырысады, бирақ қанша дүнья жыйнаса да буны өзи менен о дүньяға (гөрге) алып кетпейди. Халық арасында бундай бақыл адамлар ҳаққында, олардың

пейлин сәўлелендириўши даналықлар бар болып, халық оларға жеркениш пенен қараған.

Бақыллық ҳәм сықмарлықты қатты әшкаралай отырып шайыр, бул иллетти түп-тамыры менен жулып таслаў керек деген жуўмаққа келеди:

Йимишсиз йиғоч-так карамсиз киши,
Йимишсиз йиғочни кесип ўртагил.

Ахмад Югнакий: “Бақыллықты мақтар тил барма, қәне?” деп адамларды сақый болыўға шақырады, себеби сақыйлық сени көркейтеди, жаманлықлардан сақлайды, басқалар сени ҳүрмет етеди дейди:

Севилмоқ тиласанг кишилар аро,
Сахий бўл, сахийлик сени севдирар,

Шайыр өзиниң “Ҳибатул-ҳақойиқ” дәстанында ҳәрбир адам ҳүрмет-иззетке, абройға ерисиўге умтылады, бул мақсетке ол ҳадал мийнети, ақылы ҳәм билими менен ериседи деп исенеди. Усыған байланыслы Югнакий дәмегөйлик ҳәм жарамсақлық усаған унамсыз иллетлерди қаралайды ҳәм кәмбағал, аш-әптада адамларға жүрек төринен ашынады.

Будун моллик элга уруб юзларин,
Тузу қул қилурлар озод узларин.
Ким ул молсиз эрса, ул эрни кўриб,
Юз уруб качарлар, юмуб кузларин.

Мазмуны: Адамлар мал-мүлки бар адамның қолына қарайды, бул арқалы еркин жоғалтып, өзлерин қулға айландырады. Кимниң малы болмаса, бундай адамды көрип қашып кетеди, қарамайды.

Кўнгултин чиқарқил тавар суқлуқин,
Кедим бирла теб тут қорин тўқлуқин.
Бу бойлик чиғойлик озуқ йуқлуғи,
Чиғойлик теп айма озуқ йуқлуғин.

Мазмуны: Кеўлиңнен дүнья-малға болған суқлықты шығарып тасла, тек

кийим ҳәм қарын тоқлығын гөзле. Байлық, кәмбағаллық бул жеўге тамақтың жоқлығыдур, ҳаслында азық-аўқаттың жоқлығын кәмбағаллық деўге болмайды. Байлығына мақтанып, басқаларды менсинбей, әсиресе кәмбағалларды писент етпей кетиў жаман адамларға тән иллет деп есаплайды Югнакий.

“Ҳибатул-ҳақойиқ”тың “Дүньяның өзгерип турыўы ҳаққында” деп аталған бабында дүнья ҳәм адам тағдийри ҳаққындағы философиялық пикирлер орын алған. Бунда Югнакий дүньяны рабатқа (мийманханаға) мегзетеди, онда жасаўшыларды рабатқа қонып кетиўшилер сыпатында сүўретлейди. Лекин бул “рабат” бир “қонып кетпек” ушын жаратылғанына қарамастан, ол адамларды мал-дүньяға кеселлигине гириптар қылады. Соның ушын адамлар ашкөзлик иллетине дуўшар болады. “Бул дүнья байлығынан жейтуғын, кийетуғының болса жетерли”, артықшасының зыян екенлигин көпшилик ойына да келтирмейди. Деген менен, бул дүнья ләззети алдамшы, оның мазалы ўақты желдей ушып кетеди.

Бу дунё ненгитин егу кедгулук,
Ўл ортуқ тилама вабал ютгулук. (54-бет).

Бул паный (өткинши) дүньяның байлығы сондай, “бүгин бар болса, ертең жоқ болады, сениң меники деген нәрселериң биреўлерге қалады”. Адам баласы буны биледи. Бирақ билгенине әмел қылыўда күшсизлик, әззилик қылады, себеби бул дүньяның мәккарлықларына алданады. Югнакий дүньяның мәккарлығын тәрийплер екен, оны гә күлдиретуғын, гә қапа қылатуғын, “бир қолы менен пал тутса, екинши қолы менен зәҳәр қосатуғын”, “сырттан қарағанда жүдә гөззал” болып көрингени менен, ишинде “мыңлаған жағымсыз нәрселер” жасырынған бир шахс келбетинде сүўретлейди.

Дүнья бир ўақыттың өзинде ҳәм қуўандырады ҳәм жылатады, ҳәм пал береди ҳәм зәҳәр. Ол сыртынан шырайлы болса, ишки тәрептен қорқынышлыдур. Ол жыланның өзидур, жылан жуўас ҳәм жумсақ болып көрингени менен жаман пейилли, жуўас деп исенбестен, оннан узақ турыў

керек:

Йилон юмшоқ эркан ёвуз феъл тутар,

Йироқ турғу, юмшоқ теб инонмағу. (58-бет).

Югнакий, адам қанша дүнья-малға ийе болса да, кишипейил, мүлайим болыўы керек дейди. Кишипейиллик ҳәм кемтарлық ол адамды жоқары көтереди, ҳүрметин асырады, ал менменлик абырайын түсиреди.

Демек сол заманның ишки қарама-қарсылығы, үстем класс ўәкиллери тәрепинен халыққа болып атырған әдалатсызлық, адамлар арасындағы жаўызлық, еки жүзлилик, өтирикшилик шайырдың жүрек баўырын езип жибереди. Ол адамлардың бир-бирине әдалатлы тыныш-татыў жасаўы ушын бахытлы жол излейди. Себеби Ахмад Югнакийдиң өзи жазып қалдырғандай-ақ, бул өмирде жақсылық пенен жаманлық араласа жүреди. Мысалы:

Ачун, кулифар баз эллин қаш тәтәр,

Бир алкин тутуб шахд бири захр қатар.

(Бул дүнья бир қолы менен бал тутса, екинши қолы менен зәҳәр тутады). Зәҳәр тутқан қоллардан қалайынша қутылыў мүмкин? Буның түп-тийкары тәрбия. Адамларды әдепли, сабырлы етип қайтадан тәрбиялаўымыз керек – деп жар салады.

## 2.3. «ЖАЛҒАН СӨЗ - КЕСЕЛЛИК, ТУЎРЫ СӨЗ - ШЫПА». ТУЎРЫЛЫҚ, ТУЎРЫ СӨЗ ИНСАН ҚӘЛБИН ПӘКЛИККЕ ЖЕТЕЛЕЎШИ ПӘЗИЙЛЕТ

Ахмад Югнакийдиң пикирлериниң түсиникли, әпиўайы шынлықларды сәўлелендириўине қарамастан, демократиялық көз қарастан, адамларды байлығы ҳәм атақ абыройына қарап емес, ал жақсы ислери, әдеп-икрамлық пәзийлетлерине қарап баҳа береди.

Автор өмирдеги ҳәрбир мәселеге өз дыққатын қаратады да, оған болған өз мүнәсибетин билдиреди. Яки болмаса «жалған сөйлеў ҳәм өтирикшиликтиң зыяны» ҳаққындағы бапты қарайық:

Жалған сөзде мәни болмас жалтырар,
Өтирикши адам қорқып қалтырар.
Ҳәмме ўақыт жолын табар туўрылық.
Жалған сөзге сен қаларсаң қуўырылып,
Жалған сөз кеселлик, туўры сөз шыпа.
Өтирикши ҳешкимге етпеген опа.
Жалған сөзден елге мерез боласаң,
Халық исенбес, қатарыңнан қаласаң.
Көргиң келсе бәрҳә жақсылық жолын,
Үстиңе кийгейсең туўрылық тонын.
Сөзиңде түсиниксиз гийне болмасын,
Душпаның ҳеш ўақыт сырыңды алмасын.

Ахмад Югнакий ислам динин ҳәм оның Құранда ҳәм ҳәдислерде баян етилген идеяларын қоллап қуўатлайды.

Ахмад Югнакий мусылманлық дегени тек таат ибадат емес екенлиги, ал туўрылық, ҳадаллық, билимлилик исламның баслы шәрти екенлигин дурыс ҳәм тәсирли етип түсиндириўди мақсет етип қойған. Ең баслысы, Адиб Ахмад нәсиятлаў талапларынан келип шығып, әдеп ҳәм илим, диний сезим ҳәм

ой-пикир, мағрифет ҳәм бахыттың бир-бири менен жүдә тығыз байланыслы екенлигин дәлийллеўге умтылады. Усылардың ҳәммесине ерисиўдиң биринши негизи Қурани карим ҳәм пайғамбар ҳәдислери есапланады.

Адиб Ахмад дөретиўшилигинде, инсанның руўхый жақтан жетилисиўинде әдеп-икрамлық тәрбияның тәсирин жоқары баҳалайды ҳәм бунда халық аўызеки дөретиўшилигиниң үлгилеринен, әсиресе нақыл-мақаллардан да кең қолланады.

Шайыр әмелдарларды, саўдагерлерди мәрҳаматлы, мийрим-шапаатлы болыўға шақырады, арзымас себеп ҳәм қандай да бир бәне менен адамларды өлимге буйырыўға, жазалаўға қарсы шығады:

Бу бир айбдан ўтру бошин кесгучи,
Очунда тирилгу кишисиз қолур.

Мазмуны: Егер бир айып пенен бас кесилсе, дүньяда бирде тири адам қалмайды.

Ахмад Югнакий адамларды писент етпейтуғын, менсинбейтуғын тәкаббир кисилерди критикалайды ҳәм кемтарлыққа, кишипейиллик болыўға шақырады.

…Яна бир кераклик сўзим бор сенга,
Аёйин ман ани, қулоқ тут манга.
Сўз улдур: такаббурни боштин солип,
Тавозени барк тут, ёпуш, кет анга.

Мазмуны: Және керек бир сөзим бар саған, оны саған айтпақшыман, маған қулақ сал. Бул сөз сондай: тәкаббирликти басыңнан шығар, хошқылықлы бол, оған таман бар.

Кеңпейилликке ҳәм мийримли болыўға шақыра отырып Ахмад Югнакий, кисиниң басына ис түскенде яки басқа қыйын жағдайларға дуўшар болғанында сабырлылық көрсетип, тәғдийге тән бериўден басқа шарасы болмай қалады деген жуўмаққа келеди. Сонлықтан ол, “егер қайғы келсе, қыйналсаң, өшегиспе,

жеңемен деп ҳәрекет етпе, ал керисинше, оны үлкен қуўаныш пенен қабыл етип, сабырлылық пенен жақсы ҳәм бахытлы күнлердиң келетуғынын күтип жаса” (77-бет) деп үйретеди.

Биз алдыңғы бөлимде Ахмад Югнакийдиң дүньяға көз-қарасында суфизмниң тәсири ҳаққында тоқтап өткен едик. Көрип турғанымыздай “тавозеъ”, “сабр” түсиниклери суфийлик категориялар қатарына киреди, суфизмниң диний-этикалық талаплары болып табылады. Бул түсиниклердиң мазмуны қыйыншылықларға бойсыныўды, шыдамлы болыўды аңлатады.

Шайырдың пикиринше, жақынлардың қәте кемшиликлерин мүмкин болғанынша кешириў керек, жақынларға зулымлық қылмаў керек, егер “ашыўдың оты лаўлап жанса”, оны “мүлайымлық суўы” менен өшириўи лазым. Ахмад Югнакий ҳүкимдарларға, әмелдарларға кеңпейилли ҳәм кишипейил қатнаста болыўды талап кетеди.

Жаво қилдачингға ёнут қил вафо,
Аримас неча ювса қон бирла қон.

Мазмуны: Саған жапа қылыўшыға сен вафо менен жуўап бер, қанды қан менен қанша жуўса да кетпейди. (74-бет).

Соның менен бирге, Ахмад Югнакий өз пикирин әмелдарлардың мийрим-шапаатына, қайырқомлығына үмит етип жасаўға болмайтуғынын да уқтырады. Олардан ҳәрдайым қорқыў керек дейди, себеби олар күшли ҳәм шексиз ҳәкимиятқа ийе, сонлықтан кишкене биймәлел ҳәзил ушын да басыңнан айрылып қалыўың мүмкин.

“Ҳибатул-ҳақойиқ”та Дад Сипоҳсолорбек атлы патшаға бағышланғанлығы белгили. Дәстанда Ахмад Югнакий сол ҳүкимдарды тәрийплеп былай дейди:

Раъиятқа мушриқ салимтин ҳалим,
Ва лекин бушарда шара арслоний.

Мазмуны: Ол риятқа, яғный халыққа дийқанларға қайырқом, жақсы

қатнаста болып, ғәзепленгенде (ашыўланғанда) арыслан кибидур. (36-бет).

Демек, бул ҳүкимдар халықшыл, қайырқом ҳәм жумсақ тәбиятлы әмелдар болған. Соның менен бирге, ол ғәзепли, ашыўшақ. Ғәзепленгенде, ол арысланға мегзейди. Зәрүр ўақытта ҳүкимдардың “арысланға” айланыўы, халық мәпи ушын хызмет еткенинде ямаса адамларды түрли қәўиплерден, әдалатсызлықлардан қорғаўы мүмкин.

Ахмад Югнакий әмелдар ҳәм ҳүкимдарлардан кишипейил болыўды талап етеди. Мәнсапдар шахс қаншама жоқары көтерилген сайын, кишипейил, әлпайым, қайыр-сақаўатлы, қайырқом болмағы лазым, халыққа көкирегиңди керип, азап бериў, писент етпей менменликтен қаш, - деп нәсиятлайды.

Такаббур либосин кийип оз солин,
Кериб халқда кўксинг, озурлаб тилин…
Тавозеъ қилиқни кўтурур иди,
Такаббур тутар эрни кемшур кўди.

Мазмуны: Менменлик липасын кийип, көксиңди халыққа керип, тилиң менен азап бериўден сақлан…Мүлайым қылықты қудай ҳәм жақтырады, тәкаббырлық адамды пәсликке ылақтырады. (66-67 бетлер).

Ахмад Югнакий әмелпаразлықты да қаралайды. Әмелге басқа адамларда үстем, жоқары болыў ушын умтылыў наданлықтың белгиси деп есаплайды. Ол ҳәр бир исти әдбен ойлап, күшин, билимин, уқыбын сыннан өткизип, сынап, соннан кейин иске қол урыў керек дейди. Асығыслық, өзиңе ылайық болмаған иске урыныў өз-өзине душпанлық болады.

Адамларды жақсы ҳәм жаман қәсийетлерге ийелигине қарай бөлип, Ахмад Югнакий хәр бир инсан өзине досты жақсы адамлар қатарынан табыўы лазым дейди. Себеби ондайлар дослыққа дослық пенен жуўап бере алады.

Аё эдгу умғон эсизлик қилип,
Тикон айлаган эр узум бичмас ул.

“Жақсылықлар ислеп ғана жақсы нәтийжелерге үмитленсе болады, тикен

излеген ҳеш қашан жүзим ала алмайды" (81-бет) – дейди Адиб. Жақсы инсанлардың дослары да жақсы адамлар болады, егер адам жаман адам менен дос болса, демек оның өзи де сондай. Соның ушын дос таңлағанда қәтелеспеў керек. Дос болсаң, дослығыңды қорғай бил ҳәм достыңның арзымас қәтеси ушын оны айыплама. Данышан да қәтелесиўи мүмкин.

Адам душпанлар санын көбейтирмеўи керек, мың достың болса – ол аз, бир душпаның болса – көп, дейди Ахмад Югнакий. (79-бет).

Ахмад Югнакий өзиниң заманында ҳүким сүрип турған социаллық, әдеп-икрамлық-руўхый жағдайды тәрийплей отырып, жақсы ислердиң, жақсы пәзийлетлердиң азайып баратырғанын, адамлар арасында бир биреўге садықлық ҳәм дослықтың жоқ екенлигин, дүньяның әдалатсызлыққа, жаўызлыққа, зорлыққа, менменликке толып кеткенлигин үлкен ашыныў, өкиниш пенен атап өтеди.

Мажоз бўлди дустлуқ, ҳақиқат қани?
Минг эр дўстда бири бўлўнмас кўни!
Ўкушрак кишининг ичи ғадр эрур,
Кўни дўстинг эрса, тоши бил муни.

Мазмуны: Дослық мажоз (қуры сөз) болды, ҳақыйқат қәне? Мың адамның ишинде бир де дурыс адам табылмайды. Көп адамлар иштен сатқындур, достың туўры болып көринсе де, буны оның сыртқы көриниси деп бил. (82-бет).

Шайырдың пикиринше, бундай жағдайлардың жүз бериўине заман емес, ал адамлардың өзлери айыплы. "Адамлар, - дейди ол, - ҳадалды ҳарамнан айырып билмейди, ал өз нанын ҳадал мийнети менен таўып жеп атырғанлар азайып кеткен, себеби көпшилик байлыққа бас ийеди".

Будун моллик элга уруб юзларин,
Тузу қул қилурлар озод ўзларин.
Ким ул молсиз эрса, ул эрни кўриб,
Юз уруб қачарлар, юмуб кўзларин.

Мазмуны: Адамлар мал-мүлки бар болғанның қолына жүзин тутады, бул менен ерклерин жоғалтып, өзлерин қул қылады. Ким малсыз болса, дүньясы болмаса, ондай адамды көрип, бетин бурып қашады.

Ахмад Югнакий заманның, жәмийеттиң усындай машқалаларынан қутылыў жолы билим ийелеў, тәрбиялаў, әдеп-икрамлық пәзийлетлерди ҳәм қәдириятларды адамлар санасына сиңдириў, исенимге садық болыў деген жуўмаққа келеди.

Ахмад Югнакийдиң дүньяға көз-қарасларында заманы ушын прогрессив идеялар менен бирге, оның социаллық ой-пикиринде мәлим шеклеўлерди көремиз. Ол әдеп-икрамлықтың негизин ҳәм адамлардың ис-ҳәрекетлериниң себеплерин абстракт тәризде, яғный адамның өзиниң тәбияты менен байланыста түсиндиреди. Оның этикасы (морали) жәмийеттиң барлық социаллық қатламларына теңдей қаратылған болып, шайырдың өзи жасап турған социаллық орталықтан шетте, үзилген ҳалда бериледи.

Деген менен, жоқарыда көрсетилген шекленгенликке қарамастан Югнакийдиң дүньяқарасы, оның әдеп-икрамлық дидактикасы сол заман ушын прогрессив характерге ийе болды ҳәм ҳәзирги заманда да өз әҳмийетин жоғалтпаған халқымыздың руўхый мийрасы болып табылады. Оның этикалық көз-қараслары, әсиресе, адамның руўхый жетикликке ерисиўи ҳаққындағы пикирлери халықтың әдеп икрамлық ҳаққындағы, адамлардың өз-ара қатнасы, ийгиликли ислер ҳаққындағы арзыў-әрманларын, этикалық идеалын сәўлелендирген.

Ахмад Югнакий китаптың соңында өзи ҳаққында да толқынланып жазады:

«Мен шайыр Ахмад пәнде нәсият сөзлерин айттым. Буны ҳикметли сөз яки нәсият китабы – деп атаса да болады. Оны оқыған ҳәрқандай адам пал татқандай болады – деген нийеттемен. Бәлки өзим өлип кетермен. Ел арасында сөзлерим қалсын. Жаз өтеди, гүз келеди. Өмир өтип баратыр. Бул жаз ҳәм

гүзлер өмиримниң бир бөлегин алып баратыр. Соның ушында таңсық болған бул түркше китапты жаздым. Қәлесең оны мақулла. Қәлемесең жаманла. Өзиңниң еркиң. Өзим өлип кеткенде естелик болсын деп, бул таңсық сөзлерди жаздым». Демек, Югнакий өз сөзиниң қәдир-қымбатын билген данышпан инсан.

Ахмад Югнакий өз заманының белгили данышпан шайыр ҳәм ойшылларының бири болды. Өз дәўириниң әдалатлы ҳәм әдалатсыз тәреплерин шын жүрегинен сезе алды. Өзинен кейинги әўладқа әдеп-икрамлылық ҳаққында жақсы сөз қалдырды.Alisher Nawayinin' Adib Axmad haqqinda jazg'anlarinda biraz o'zgergen jag'daylarin ko'riwmizge boladi.Adibtin' pikirinshe insan basina ha'r qanday is tu'se,ol til sebepli boladi, birewleri jaqsiliq sebepli boladi,birewleri jaqsiliq ko'redi,birewleri pushayman shegedi.Aqimaq adamnin' tili-dushpani ko'p kisilerdin' tilinen qansha jan qanlar to'giledi.Adib Axmad biykarshiliq ha'm o'tirik so'ylewdi qatti qaralaydi.So'zdin' tuwrisi ha'm qisqasi jaqsi dep esaplaydi.Bab dawaminda sir saqlaniwdin' axmetliligi aytiladi "hatteki jaqin dostin'nan ha'm abayli bol" dep eskertedi shayir.Bunday eskertiwlerdi zamanin' qolaysiz waqiyalari ko'p ekenligin eskertedi.Ol o'zinin'"hibatul hoxayiq" miynetinde tiykargi ba'ndileri  insanlaedin jaqsi paziylet iyesi ekenligi aytip o'tiledi, insandag'i jaman illetlerdin' joqlig'i bul illitlerden insanin' jiraqlig'i ken' ma'nidegi etikaliq minez quliqtin' insanlarga ta'n ekenligi atap o'tiledi.Olarda saxawat,minezdin' ashiqligi,insanlarg'a miyrimli boliw,sadiq,keshirimli,jaqsi minez quliqli,keshirimli,ken' feli boliw,sadiq ha'm ash ko'zlik,dunya parasliq,siximarliq,zulimliq ha'm sawatsizliq qatti qaralanadi.Adib bul miynetinde insanlardin' jaqsiliqa imtilip jasawina shaqiradi.Ol o'zinin' "hibatul haxoyiq" a'dep ikiramliq didaktiykaliq miynetinde ol XII a'sir aqiri XIII a'sir birinshi yariminda bul miynetin do'retedi.Basqa tariyxiy mag'luwmatlardin'  joqlig'i sebepli biz ol haqqinda kem mag'luwmatqa iyemiz.Da'stanan tek g'ana sol narseler belgili, oni Maxmut uli Axmad dep atag'ani aytilip o'tiledi.Axmad o'z da'stanin o'zi jasag'an zamanin' ko'zge ko'ringen adami Dod Sipoxsolarbekkg'a arnalg'an.Shayir og'an

murajet etken eken,oni bir neshshe ma'rte "patshayim" dep ataydi.Usi shaxs Axmadin' elinde u'lken abroydi iyelegen eken. "Hibatul hoxayiq"-Orayliq azya joqari filosofiyaliq jetik tariyxinda az uyrenilgen miynetlerden biri.Adib Axmad o'zinin' didaktiykaliq miynetinin' mazmini sol da'wir yag'niy islam dini ken' tarqalg'an da'wir sufiyzim ideyalari menen suwg'arilg'an da'wir ko'z qaraslari miynetin' jaraliwina ken' turtki waziypasin atqardi. Axmad Yugnakiy tabiyatag'i, jaratilis dunyasindag'i barliq narselerdin' o'zgerip otiratug'inlig'in,uzliksiz orin almastiriw bolip turatulg'in, natyjede; "Jan'a go'neredi, jigit qartayadi,beli quwatli bolsa bugilip, kushi ketedi" barliq toli narseler azayadi, bugin bar narseler erten' joq, menshik degen zatlar erten' birewge qaladi. Bir-birine qarama-qarsi isler juda ko'p, jaratilis insandi quwanshqa bo'lep shadlandiradi, qap qilip jilatadi."Duniya ku'lip qaraydi, ja'ne qas qabag'in,man'layin jiyradi; bir qoli menen pal tutsa, ekinshi qoli menen za'ha'r qosadi" dep bolmistin' qarama-qarsi jaqsi ha'm jaman islerge toli ekenligin,adam usi qubilislardi aqilliliq penen jen'ip otiriwi tiyisligin,duniyanin' jaqsi ta'eplerine o'zin biyimlestiriwin kerekligin aytti.Sebebi "Bul duniya qonip ja'ne ketetug'in ka'rwansaraydur.Qonip bolip kete beredi".Biraq usi kelip ketiwshi adamlar o'zlerinin' kelip ketiwi aralig'inda o'z o'mirlerin jaqsi jasap, ol duniyag'a tayarliq ko'riwi kerek.Ol duniyanin' anjamin bul duniyada g'amlastirip,beyishtke tusiw tayarlig'in ko'riw kerek.Olar bul duniyag'a quri kelip ketiwshi emes al,bul duniyada jasap ol duniyag'a tayarliq ko'riwshiler,usi tayarlig'inin' da'rejesine ,mazmunina qaray ol duniyadag'i tiyisli orinlarg'a; dozaq ha'm biyishke baradi dep esaplang'an.

## ЖУЎМАҚЛАЎ

XII әсирдеги түрк тиллес халықлар әдебиятының көркем сөз шебери, халқымыздың руўхый мийрасының ажыралмас бөлегин қурайтуғын, адамларды кәмилликке шақырған, әдеп-икрамлық пәзийлетлерди тәрбиялаўда бийбаҳа нәсиятларын қалдырған уллы бабаларымыздың бири Ахмад Югнакий болып табылады.

Шайырдың туўылған жери сол ўақыттағы Қараханийлер мәмлекетиниң ең көрнекли қалаларының бири Югнак деп тәрийпленеди. Оның қайсы жылы туўылғанлығы белгисиз. Бирақта ол ҳаққында жазылған қосықта: «Шайырлардың шайыры, даналардың данасы. Сөз өнеринен гәўҳар терген адам» деп тәрийпленеди.

Шайырдың өмирбаяны ҳаққында жетерли мағлыўматлар сақланып қалмаған болсада, оның шығармаларын XV әсирде көширген кәтиблер бул ҳаққында әдеўир мағлыўматлар береди.

Югнак шынында да сол ўақыттағы Қараханийлер мәмлекетиниң социал-экономикалық жағынан раўажланған қалаларының бири. Түркстан менен бир қатарда турып, ески түрки тилиниң раўажланыўына үлкен үлес қосқан орайлардың бири болып есапланады. Соның ушында Ахмад Югнакий Юсуф Хас Ҳажибтен кейин екинши болып түрки тилинде үлкен шығарма жазып қалдырыўға қол урған.

Оның бизге шекем келип жеткен ең көлемли шығармасы "Ҳибатул - ҳақойиқ" (Ҳақыйқатлар сыйлығы). Ахмад Югнакий мүмкин буннан басқа да белгили шығарма жазған шығар. Бирақ ол шығармалар бизиң заманымызға келип жетпеди.

"Ҳақыйқатлар сыйлығы"ның қол жазбасы табылғанлығы ҳаққында ең биринши мәртебе 1906-жылы түрк алымы Нәжиб Асим хабарлады. Бирақ буннан кейин де бир неше қолжазбаларының табылғанлығы мәлим болды.

Солардың ишинде ең ескиси Самарқанд нусқасы болып, бул нусқа 1444-жылы самарқандлы коллиграф Зейнул-Абиддин Жураний деген киси тәрепинен ески уйғыр ҳәриби менен көширилген.

Буннан басқашарақ бир қолжазба 1480-жылы Әбдуразақ бақсы деген бир адам тәрепинен көширилген. Бул нусқа османлы түрк тилине аўдарылып, өз тексти менен қоса 1916-жылы Нәжиб Асим тәрепинен бастырып шығарылған.

Буннан басқа араб ҳәриби менен көширилген және бир қол жазба Берлиндеги китапханада сақланбақта.

Бул мийнетти ең дәслеп изертлеўшилердиң бири түрк алымы Рашит Арат Рахмет болып, дәстанның толық текстин латын ҳәриби тийкарында, аўдарып, 1951-жылы Стамбулда бастырып шығарды. Буннан кейин рус ҳәм өзбек алымлары А.Фитрат, Е.Э.Бертельс, С.Е.Малов, К.Махмудов ҳәм тағы басқалар илим изертлеў жумысларын алып барады.

Өзбекстан Республикасының ғәрезсизликке ерискен жылларыннан баслап Ахмад Югнакий өмири ҳәм дөретиўшилиги, оның “Ҳибатул-ҳақойиқ” шығармасы жаңа көз-қараста қайта үйренилип атыр. Бул бойынша жас илимпазлардың бир қатар мийнетлери жарық көрди.

“Ҳақыйқатлар сыйлығы” негизинен дидактикалық шығарма. Ахмад Югнакий өз дәстанын ҳүкимдар Дод Сипоҳсолорбек деген шахсқа бағышлайды.

Дәстанның бастан аяғына шекем нәсият. Нәсият болғанда да тек жылтыр сөз емес, бәлки ҳәр бапқа бөлинип берилген дидактика. Билим ҳаққында, жақсылық ҳәм жаманлық, минез қулық ҳаққындағы бапларға бөлип қарайды.

Шайырдың өз заманына болған көз қарасы күшли философиялық қатарлар менен алмасады. Мысалы:

Бу агун көр өрга көрумлик ташы,
Ва лэкин ичиндэ хазар нахушы.

(Бул дүнья сырттан қараған адамға жүдә көркем. Бирақ ишки таманы жағымсыз нәрселер менен пысқып турыпты).

VII-VIII-әсирлерде мусылман еллеринде жүзеге келген суфизм (тасаввуф) тәлийматы ҳәм тариқатлары XI-әсирден баслап түркий халықлар арасына тарқалады ҳәм олар ислам дининиң негизлерин үгит-нәсиятлаўда, беккемлеўде, халықты, ел-журтты сыртқы душпанлардан қорғаўда хызмет көрсеткени мәлим.

Ахмад Югнакий супылықтың сырлары ҳәм мазмунынан жақсы хабардар болған. Супылықтағы дүнья-малға өз нәписин қадағалаў, пәклик, ҳақлық жолында мәрдана алға илгерилеп барыўды қоллап-қуўатлайды.

“Нелук молға мунча кўнгул боғламоқ,
Бу мол келса арта борур боз кеча.

яғный, “Соншама мал-дүньяға кеўил қойыў неге керек, бул байлық келсе көбейеди, азаяды ҳәм жоқ болады”, - дейди.

Ислам этикасында қанаатшыллық, кемтарлық, сыпайылық инсандағы ең жоқары ҳәм гөззал сыпатлардан болып, олар менменликке қарама-қарсы пәзийлет болған. Суфизм ўәкиллери исламий диний талапларға сүйенген ҳалда, әдеп-икрамлық пәзийлетлердиң мазмуны ҳәм әҳмийети еле де байытады.

Адиб Ахмад өз шығармасында суфизмде кең талқыланатуғын “тавозеъ” – түсинигине үлкен орын ажыратады. “Тавозеъ” – сөзи кемтарлық, ҳүрмет-иззет, бойсыныў деген мәнилерди аңлатады. Ахмад Югнакий тавозеликти мөминликтиң тийкарғы белгиси деп түсинеди ҳәм оның қарама-қарсысы болған такаббырлықты, адамларды писент етпеў, менменлик сыяқлы жаман сыпатларды кескин қаралайды.

“Такаббур либосин кийип өз солин,
Кериб халқда, куксинг озурлаб тилин…
Тавозеъ қилиқни кўт рур иди”,

яғный, “такаббырлық липасын кийип, көкирегиңди халыққа керип, тилиң менен азап бериўден сақлан…Худажай, мүлайим қылықты қудай да жақтырады”, - дейди Югнакий.

Ахмад Югнакийдиң дүньяға көз қараслары идеалистлик характерге ийе

болған, оның қәлиплесиўинде шайыр жасаған заманның тәсири, жәмийетте ҳүким сүрип турған социаллық қатнаслар ҳәм руўхый өмириниң өзине тән раўажланыў өзгешеликлери өз сәўлелениўин тапқан. Халықтың әсирлер бойы топлаған даналықлары, руўхый мийраслары менен бирге ислам диний тәлийматының ҳәм суфизмниң тәсири көринип турады. Соның менен бир қатарда ол демократиялық мазмундағы алдыңғы қатар пикирлерди билдире алған ойшыл болып табылады. Ол жәмийетте ҳүким сүрип турған социаллық әдилсизликти қаралайды, қарапайым халықтың (қара авом) қыйын турмысын үлкен аяныш пенен жырлайды. Югнакий ҳәр бир инсан шығысы бойынша бирдей Алла алдында теңдей ҳуқыққа ийе деп есаплайды. Сонлықтан, қарапайым халықты хорлаў гүналы ис болып, олар жақсы өмир сүриўге ҳақылы деп көрсетеди.

Шайыр Қудайдың жаратыўшылық құдирети, әлемдеги бәрше жанлы ҳәм жансыз нәрселер оның бар екенлигине гүўалық беретуғынын көрсетеди ҳәм адамларды мәнаўий-руўхый сергекликке шақырады. Себеби, ғәплет (ҳеш нәрседен бийхабар болып) жәҳалат пенен өткен өмир өлиминен де қорқынышлы ҳәм қәўиплирек деп көрсетеди.

Ахмад Югнакийдиң өз дәўириниң ислам динине садық, дүньяға көз-қарасы ислам ҳақыйқатлары менен қәлиплескен мусулман шахс екенлигин дәлийллейди. Деген менен бул Ахмад Югнакийдиң өз шығармасын тек диний талап ҳәм зәрүрликлер себепли дөреткенин аңлатпайды. Шығармадағы Дод Сипоҳсолорбекке арналған қатарларда шайырдың илим ҳәм билимге тийисли ўазыйпаларды өз алдына қойған, тек мәмлекет басшысы, күшли сиясатшы сыпатында ғана емес, ал илимниң қоллап-қуўатлаўшысы, ағартыўшы, ең жақсы инсаныйлық пәзийлетер ийеси болғанлығы тәрийпленеди.

Ул ул ақл, уқуш, хуш хирадқа макон,
Билик маъдани ҳам фазилат қони.
Симактин эдизрак тутар химмат ўл,

Сахоси мукарам йика дармони.

Мазмуны: Ол ақыл хуўш, жақсы қәсийетлер мәканидур, билим дереги ҳәм пәзийлет кәнидур. Оның дәрежеси Симак жулдызынан бәлентирек, саҳаўатта жетик, дәртлиге дәрманы тәсирлирекдур. (35-36 бетлер).

Ахмад Югнакий дөретиўшилигинде өз сәўлесин тапқан дүньяға көз-қарасының мазмуны ҳәм әҳмийетин, оның илим ҳәм билим ҳаққындағы прогрессив идеялары белгилейди.

Ахмад Югнакийдиң "Ҳибатул-ҳақойиқ" шығармасының илимге бағышланған бапларындағы "илим нуры менен саодат жолы ашылады" деген орайлық идея қызыл сызық болып өтеди.

Бул жолға кириўди қәлеўши адам, әлбетте, илим ийелеўи зәрүр:

Билик бирла бил(и) нур саодат йули,
Билик бил саодат йулини була!

Мазмуны: билим менен саодат жолы ашылады, соның ушын илимли бол, бахыт жолын изле. (40-бет).

Ахмад Югнакий ушын әдеплилик, нәписи тәрбиясы, кәмил инсан дәрежесине көтерилиў тиккелей илим менен байланыслы еди.

Ахмад Югнакий өз шығармасының байтларында "биликлик" ҳәм "биликсиз", "билимли" ҳәм "билимсиз" сөзлерин келтиреди. Биликлиниң ис-ҳәрекетлери, минези, пәзийлет ҳәм ҳақыйқатлары нелер ҳәм биликсиздиң тағдийри ҳәм зияны нелерден ибарат екенлигин шеберлик пенен тәрийплеп береди. Оның пикиринше, зер қәдирин зерген билетуғынындай, билимли адам илимниң әҳмийетин түсинеди ҳәм оны қәдирлейди. Билимли адам қандай иске қол урсада, билип ислейди ҳәм кейин пушайман болмайды. Билимли адам ис-ҳәрекети менен де, ой-пикири, нийети менен де басқаларға өрнек бола алады.

Ахмад Югнакий илим-мағрифат ҳәм оның әҳмийети ҳәм пайдасы ҳаққында пикир жүритип, илимсизлик ҳәм илим ийелеўге тосқынлықететуғын иллетлер, яғный, билимсизлик, наданлықты қаралайды. Демек, адамның руўхый

жетикликке ерисиўинде, кәмилликке ерисиўинде илим ҳәм билим оның бирден бир жолы екенлигин дәлийллеўге умтылады Адиб Ахмад. Бунда тек диний илимлерди билиў дегенде Алланы билиў ғана емес, ал дүньялық илимлерди өзлестириў ҳәм әлемниң, тәбияттың сырларын билиў, адамның өзин билиўи, минез-қулқын тәрбиялаўы ҳәм инсанийлық, әдеп-икрамлық пәзийлетлерин өзинде қәлиплестирип барыўы, оны ҳақыйқый инсан мәртебесине көтеретуғын бирден бир дурыс жол деген идеяны алға сүреди.

Югнакий адамның барлық жақсы ҳәм жаман ислериниң тийкарында билимлиги ҳәм билимсизлиги жатады деп есаплайды. Олар адамның әдеп-икрамлық ҳәм инсаныйлық пәзийлетлерин белгилейди. Уллы ойшыл адам тек ғана билим жәрдеминде, илимли болыўы менен мәртебесин көтереди, аброй арттырады ҳәм жақсы атын қалдырады, ал билимсиз дени саў болса да өлилер қатарында болады деп тастыйықлайды.

Биликлик эр ўлти, оти ўлмату,
Биликсиз эсан эркан, оти ўлук.

Мазмуны: Билимли адамның өзи өлгени менен аты өлмейди, надан – тири дегени болмаса, аты өлик.

Ахмад Югнакийдиң “Ҳибатул-ҳақойиқ” шығармасы Юсуф Хас Хажибтиң “Қутадғу билик” дәстанынан кейинги түркий тилде жазылған әдеп-икрамлық пәнт-нәсият мазмунындағы қымбатлы руўхый естелиги. Ол формасы ҳәм мазмуны жағынан “Қутадғу билик”тиң айырым тәсирлерин өзинде сәўлелендирген.

Югнакий Юсуф Хас Хажиб сыяқлы тил мәселесине, сөйлеў мәдениятына айрықша итибар қаратады. Адиб Ахмад әдептиң басы тил ҳәм тилди тыя билиў деп есаплайды.

Адаблар боши тил, тиймоқ куп зарар,
Тилингни тийиб юр, синмасун тишинг.
Агар чиқса яшир, унглансин ишинг.

Юсуф Хас Хажиб "Таяқ соққысының изи тек кетер, тил соққысының изи узақ сақланар" дейди өзиниң "Қутадғу билик" шығармасында.

Әлбетте, тилдиң соққысы таяқ соққысынан, зәҳәри болса жылан зәҳәринен жаман. Соның ушын тилди тыйып жүрип, оны ашшы сөзлерден қорғаў әҳмийетли деп есаплайды Югнакий.

"Ўчуктурма эрни тилин бил бу тил,
Яраласа битмас, битар ўқ яра".

Мазмуны: Адамды өшегистирме, оның тилин тап, бул тил жараланса (бузылса) дүзелмейди. Оқ жарасы болса питип кетеди. (48-бет).

Ахмад Югнакий адамның жақсы-жаманы, ақыллы-наданы тилинен, сөйлеген сөзлеринен белгили болады дейди. Егер ол адам билимли болса, оның сөзлери тереӊ мәнили, ақыллы болады, ал наданның сөзлери мәниссиз, женил, езбе болады. Югнакий көп сөйлегенди, езбеликти ақылсызлықтың белгиси деп қарайды. Адам не тапса, тилинен табады. "Мал шақынан, адам тилинен байланатуғынындай", Ахмад Югнакий де:

Неким келса эрга тилидан келур,
Бу тилдан ким эзгу, ким ҳурмат кўрур,

дейди. Тил кимлерди бахытлы, абыройлы мәртебесине жеткерсе, ал ойсыз, езбелер тилинен өзи де бахытсыз болады, басқаларға да зыянын тийгизеди.

Ахмад Югнакий әмелдар ҳәм ҳүкимдарлардан кишипейил болыўды талап етеди. Мәнсапдар шахс қаншама жоқары көтерилген сайын, кишипейил, әлпайым, қайыр-сақаўатлы, қайырқом болмағы лазым, халыққа көкирегиңди керип, азап бериў, писент етпей менменликтен қаш, - деп нәсиятлайды.

Адамларды жақсы ҳәм жаман қәсийетлерге ийелигине қарай бөлип, Ахмад Югнакий ҳәр бир инсан өзине досты жақсы адамлар қатарынан табыўы лазым дейди. Себеби ондайлар дослыққа дослық пенен жуўап бере алады.

Солай етип, Югнакийдиң этикалық көз-карасларын изертлеў, оның бул

тәлийматының жәмийетлик-философиялық түсиниклер менен байланыслы баян еткенин көрсетеди. Ойшыл тәбияттағы ҳәмме нәрселер өз-ара байланыста болған нызам тийкарында өмир сүретуғынлығын дурыс аңлайды. Жәмийеттеги адамлар жаратылыўы бойынша бирдей болып, Адам Атадан ҳәм Ана Хаўадан пайда болған.  Бирақ олар бир биринен әдеп – икрамлығы, тәрбиясы менен парықланатуғынын атап өтеди.

Югнакийдиң пикиринше адамды әдеп-икрамлық жақтан тәрбия ҳәм билим қәлиплестиреди. Сонлықтан, илимди раўажландырыў, тәрбияның бағдарларын белгилеў мәмлекет басшысының қадағалаўында болыўы керек. Алымлар, билимли адамлар басқаларға жол көрсетиўшилер болып табылады. Ақыл, билимлилик адамның мәнаўиятын басқарады.  Инсан өмири ҳәм еркинлиги өзиниң қолында,  ол бул имканияттан пайдаланып, дыққатқа ылайық болған ислерди орынлаўы тийис. Мийнет ислеп, ырысқы несийбе табыў, өнер үйрениўди әдет қылыўы зәрүр деп уқтырады.

Югнакий өзиниң жәмийетлик-философиялық ҳәм этикалық көз-қарасларында суфизм тәлийматындағы жетик (кәмил) инсанды тәрбиялаў мәселесин көтерип, оны өзи жасаған дәўир талапларының дәрежесинде жүдә мазмунлы етип ашып бериўге еристи. Ойшыл-шайырдың бул идеялары ҳәзирги ғәрезсизлик дәўири жасларының жетик инсанлар етип тәрбиялаўда үлкен әҳмийетке ийе болатуғынлығы сөзсиз.

## ПАЙДАЛАНҒАН ӘДЕБИЯТЛАР ДИЗИМИ


1. Ўзбекистон Республикаси Конституцияси. –Т., "Ўзбекистон". 2010.

2. Қарақалпақстан Республикасы Конституциясы. Нөкис, 1993.

3. И.А.Каримов. Биздан озод ва обод Ватан қолсин. –Т.2. – Тошкент: Ўзбекистон, 1996. 380 б.

4. И.А.Каримов. Бунёдкорлик йўлидан. Т.4. –Тошкент: Ўзбекистон, 1996. 349 б.

5. И.А.Каримов. Ўзбекистон XXI аср бўсағасида: хавфсизликка тақдид, барқарорлик шартлари ва тараққиёт кафолатлари. – Тошкент: Ўзбекистон, 1997, 326 б.

6. И.А.Каримов. Хавфсизлик ва барқарор тараққиёт йўлида. Т.6. – Тошкент: Ўзбекистон, 1998, 429 б.

7. И.А.Каримов. Жамиятимиз мафкураси халқни-халқ, миллатни –миллат қилишга хизмет этсин. ("Тафаккур" журнали бош мухаррининг саволларига жавоблар). Т., «Ўзбекистон». 1998.

8. И.А.Каримов. Биз келажагимизни ўз қўлимиз билан қурамиз. –Т.7. – Тошкент: Ўзбекистон, 1999, 410 б.

9. И.А.Каримов. Миллий давлатчилик, истиқлол мафкураси ва ҳуқуқий маданият тўғрисида. – Тошкент, 1999

10. И.А.Каримов. Озод ва обод ватан, эркин ва фаровон ҳаёт – пировард мақсадимиз. –Т.8. –Тошкент, Ўзбекистон, 2000, 528 б.

11. И.А.Каримов. Ватан равнақи учун ҳар биримиз масъулмиз. Т.9. – Тошкент: Ўзбекистон, 2001, 432 б.

12. И.А.Каримов. Тинчлик ва хавфсизлик ўз куч-қудратимизга, ҳамжиҳатлигимиз ва қатъий иродамизга боғлиқ. –Т.12. –Тошкент, Ўзбекистон, 2004, 400 б.

13. И.А.Каримов. Ўзбек халқи ҳеч қачон, ҳеч кимга қарам бўлмайди.

–Т.13. –Тошкент, Ўзбекистон, 2005, 448 б.
14. И.А.Каримов. Жамиятимизни эркинлаштириш, ислоҳотларни чуқурлаштириш, маънавиятимизни юксалтириш ва халқимизнинг ҳаёт даражасини ошириш – барча ишларимизнинг мезони ва мақсадидир. –Т.15. – Тошкент, Ўзбекистон, 2007. 320 б.
15. И.А.Каримов. «Юксак маънавият – енгилмас куч». –Тошкент, «Маънавият», 2008
16. И.А.Каримов. «Энг асосий мезон - ҳаёт ҳақиқатини акс эттириш». –Тошкент, «Ўзбекистон», 2009
17. И.А.Каримов. Жаҳон молиявий-иқтисодий инқирози, Ўзбекистон шароитида уни бартараф этишнинг йўллари ва чоралари. -Т., Ўзбекистон, 2009, 56 б.
18. И.А.Каримов. Асосий вазифамиз – Ватанимиз тараққиёти ва халқимиз фаровонлигини янада юксалтиришдир. –Тошкент.: Ўзбекистон, 2010. 80 б.
19. И.А.Каримов. Мамлакатимизда демократик ислоҳотларни янада чуқурлаштириш ва фуқаролик жамиятини ривожлантириш концепцияси. -Тошкент, «Ўзбекистон», 2010.
20. Ахмад Югнакий. Ҳибатул-ҳақойиқ. Баспа таярлаған Қ.Махмудов. –Тошкент, 1971
21. Аҳлоқ-одобга оид Ҳадис номуналари. – Т., 1990
22. Бертельс Е.Э. Хибат-ал-Хакаик Ахмада Югнаки., - Труды САГУ, Новая серия, - Ташкент, 1945, Вып. 3 кн 1,
23. Валихўжаев Б. Ўзбек адабиятшунослиги тарихи. – Тошкент, 1993
24. Қазақтың тәлимдик ой-пикир антологиясы. – Алматы, 1994, 1-том
25. Комилов Н. Тасаввуф. Биринши китап. 1996
26. Махмудов К. “Ахмад Югнакийдиң “Ҳибатул-ҳақойиқ” асари ҳақида”. Т., 1972

27. Маллаев Н. Ўзбек адабиёти тарихи.1-китоб. – Тошкент, 1976
28. Очерки истории общественно-философской мыслм в Узбекистане. – Ташкент, ФАН, 1977
29. Өзбек педагогикасы антологиясы. – Ташкент, 1995, 1-жилд
30. Рустамбаев Э.Р. Узбекская поэзия в первой половине XV века. – М., 1963
31. Хўжанова Г. “Ҳибатул-ҳақойиқ” ҳақиқатлари. – Тошкент, 2001.
32. “Ўзбек адабиёти ва санъати” газетасы, 1995 ж. 31 март.